WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI

Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti dekani’:_______f.i.k. Q.Turdi’baev

«_______»___ ____________2012-j

**5220100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n` 4-kurs studenti Kamalova Dilfuzani’n’ «Marat Tawmuratov prozasi’(janrli’q ha’m stillik izlenisler, obraz do’retiw wo’zgesheligi)» degen atamadag’i'**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMI’SI’

Jaqlawg’a ruxsat berildi

A’debiyat teoriyasi’ ha’m oqi’tiw metodikasi’ kafedrasi’ baslig’i’: f.i.k.,doc. Q.Yusupov ________

«_______»______________2012 j

İlimiy basshi’: f.i.k. J.Sagidullaeva

______________________

**No’kis – 2012 j**

**JAQLAWG'A RUXSAT BERILDI:**

Qaraqalpaq filologiyasi'
fakulteti dekani': f.i.k.,doc. Q.Turdi'baev

Kafedra basli'g'i': f.i.k.,doc. Q.Yusupov

İlimiy basshi': f.i.k. J.Sagidullaeva

**Ma'mleketlik Attestatsiya Komissiyasi'ni'n'**

**QARARI':**

5220100- Qaraqalpaq filologiyasi' Qaraqalpaq tili ha'm a'debiyati' qa'nigeligi bakalavr bag`dari'ni'n' pitkeriwshisi Kamalova Dilfuzani'n' «Marat Tawmuratov prozasi'(janrli'q ha'm stillik izlenisler, obraz do'retiw wo'zgesheligi)» atamasi'ndag`i' pitkeriw qa'nigelik jumi'si'na

«_________» ball qoyi'lsi'n.

**MAK basli'g'i':** _____________ _________________________

**MAK wori'nbasari'** ____________ ________________________

**MAK ag`zalari':**

____________ _________________________

____________ _________________________

___________ _________________________

# M A Z M U N I

**KIRISIW……………………………………………………………3**

**1-BAP. M.TAWMURATOVTI'N' KISHI EPIKALI'Q JANRDAG'I' KO'RKEMLI'K IZLENISLERI**

1.1. Kishi epikali'q janrlar gu'rrin' ha'm novella haqqi'nda tu'sinik**…7**

1.2. M.Tawmuratov gu'rrin'lerinin' ideyali'q-tematikali'q wo'zgeshelikleri**……………………………………………………16**

1.3.M.Tawmuratov novellalari'ni'n' janrli'q wo'zgeshelikleri**………24**

**2-BAP. M.TAWMURATOV POVESTLERINDE JANRLI'Q HA'M STILLIK IZLENISLER**

2.1 Ga'rezsizlik da'wirindegi povest janri'nda ko'rkemlik izlenisler ………**……………………………………………………33**

2.2 M.Tawmuratovti'n' "Tog'ay qosi'g'i'" povestinin' janrli'q-stillik wo'zgeshelikleri (Ko'rkem obraz jarati'w, syujet quri'w ha'm bayanlaw wo'zgeshelikleri )**………..…………………….………….39**

**JUWMAQLAW……………………………..…………………......52**

**BIBLIOGRAFIYALI'Q KO'RSETKISH……………..….……………..56**

**PAYDALANI'LG'AN ADEBIYATLAR………………………………..58**

# Kirisiw

**Temani'n' aktualli'g'i'.** Yelimiz g'a'rezsizlikke yeriskennen keyin ma'mleketimizde ha'r bir tarawg'a, soni'n' ishinde bilimlendiriw tarawi'na da ayri'qsha di'qqat qarati'li'p ati'r. Keleshek a'wladti' ruwhi'y ta'repten ka'mil ha'm jetik insan yetip ta'rbiyalawda ko'rkem a'debiyatti'n' worni' wo'z aldi'na yekenligin atap wo'tiwimiz kerek. Prezidentimiz I.A.Karimovti'n' "Men shayi'r ha'm jazi'wshi'lardi' ha'mme waqi't jamiyettin' aldi'ng'i' qatarlari'nda ju'retug'i'n, turmi'sti' baqlap, adamlardi'n' ju'reginde, ishki ruwhi'y du'nyasi'nda ju'z berip ati'rg'an wo'zgerislerdi ta'sirli obrazlar, ani'q ko'rkem boyawlar arqali' sheberlik penen jari'qqa shi'g'ari'p bere alatug'i'n, yel-jurt ushi'n ku'yip jasaytug'i'n pidayi' insanlar, dep bilemen,"[1]- dep atap wo'tkenindey, ha'zirgi ku'ni a'debiyatta turmi's haqi'yqatli'g'i'n obrazli' sa'wlelendirip, uluwmainsani'yli'q ha'm global ma'selelerdi ken' ja'miyetshiliktin' na'zerine usi'ni'p, woqi'wshi'ni' woy-pikir ju'ritiwge iytermeleytug'i'n ha'm milliy ruwh sin'dirilgen shi'g'armalar do'retiw ha'r bir jazi'wshi'- shayi'rdi'n' aldi'na qoyg'an azamatli'q wazi'ypasi' boli'wi' kerek.

G'a'rezsizlik da'wirinde bu'gingi ku'n qaharmani'ni'n' obrazi'n jarati'w ha'm wonda joqari' insani'yli'q, mehir-muhabbat, miyrimlilik, ar-nami's, a'dep-ikramli'li'q, ken'peyillik siyaqli' pa'ziyletlerdin' si'n'diriliwi, sonday-aq, usi' obrazlar arqali' global ma'selelerdin' ken' ja'miyetshilik na'zerine usi'ni'li'wi' milliy a'debiyati'mi'zda, atap aytqanda, epikali'q shi'g'armalarda qalay sa'wlelenip ati'r? Bular qanday sheberlikte sa'wlelengen? Usi' si'yaqli' sorawlarg'a biz bul pitkeriw-qa'nigelik jumi'si'mi'zda Marat Tawmuratov prozasi'na ha'r ta'repleme tallaw jasaw arqali' u'yrenbekshimiz. A'debiy process ha'mme waqi't rawajlani'p ha'm jan'ari'p bari'wshi' qubi'li's. Da'wir ha'm ja'miyettin' wo'zgeriwi a'debiyat, uluwma alg'anda milliy ideologiyani'n' wo'zgeriwine ta'sirin tiygizedi. Sol si'yaqli' a'debiy process te tikkeley da'wir ha'm ja'miyette ju'z berip ati'rg'an wo'zgerisler menen baylani'sli.

Ha'zirgi ku'ni a'debiy processte gu'rrin', novella ha'm povest janrlari'ni'n ha'r ta'repleme rawajlani'wi'na salmaqli' u'lesi'n qosi'p kiyati'rg'an jazi'wshi'lardi'n' biri M.Tawmuratov boli'p yesaplanadi'.

Marat Tawmuratov 1959-ji'li' No'kis qalasi'nda tuwi'lg'an. 1983-ji'li' Qaraqalpaq Ma'mleketlik Universitetinin' matematika fakultetinin' itimalli'q teoriyasi' bo'limin pitkergen. Wo'zinin' miynet joli'n awi'lli'q mektepte mu'g'allim boli'p islewden baslag'an. Son'i'nan Qaraqalpaqstan televideniyesi, "Qaraqalpaqstan" baspasi'nda

[1] Каримов И. Адабиётга эътибор-маънавиятга, келажакка эътибор. Тошкент, «Ўзбекистон», 2009, -Б.8.

redaktor, “A’miwda’rya” jurnali’nda bo’lim basli’g’i’, “Qaraqalpaqfilm” kinostudiyasi’nda, “Janlan Aral” gazetasi’nda bas redaktor boli’p islegen. Ha’zirgi ku’ni Qaraqalpaqstan telekanali’nda jumi’s isleydi[2].

M.Tawmuratov qaraqalpaq a’debiyati’nda wo’zinin’ “Muhabbat da’pterin betlegende” qosi’qlar toplami’ (No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1985), “Yerten’ shi’g’armi’z tawg’a” (No’kis,“Qaraqalpaqstan”,1991), “Ta… Aralg’a shekem” (No’kis,“Qaraqalpaqstan”, 1992) “Aq tu’nnin’ ko’len’kesi” (No’kis,“Qaraqalpaqstan”,1994), “Sa’wirdin’ aq jamg’i’ri’” (No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1998), “Qi’sqa roman” (No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 2004) atli’ prozali’q toplamlari menen belgili. Sonday-aq, woni’n’ “Yerkin qaraqalpaqstan”, “Qaraqalpaqstan jaslari’”, “Jas Leninshi” gatetalari’nda, “A’miwda’rya” jurnali’nda bir qatar shi’g’armalari’ jariyalandi. “Muhabbat da’pterin betlegende” kitabi’ avtordi’n’ birinshi toplami’ boli’p, wol lirikali’q qosi’qlardan ibarat. Wonda avtordi’n’ ishki sezimleri, ju’rek tolg’ani’slari ta’sirli qatarlar menen berilgen. Demek, qaraqalpaq a’debiyati’nda, soni’n’ ishinde proza tarawi’nda Marat Tawmuratovti’n’ ko’rkemlik izlenisleri wo’z aldi’na. Woni’ izerlew bu’gingi ku’nnin’ talabi’ boli’p tabi’ladi’.

**Jumi’sti’n’ tiykarg’i’ maqseti.** Biz bu’gingi pitkeriw-qa’nigelik ju’mi’si’mi’zg’a ha’zirgi ku’ni a’debiy processte belsendilik ko’rsetip ati’rg’an jazi’wshi’lardan Marat Tawmuratov prozasi’n ha’r ta’repleme u’yreniwdi, atap aytqanda, woni’n’ gu’rrin’ ha’m novellalari’ni’n’ janrli’q qa’siyetlerin ha’m g’arezsizlik da’wirinde qaraqalpaq a’debiyati’nda povest janri’nda ali’p barg’an ko’rkemlik izlenislerin ani’qlawdi wo’z aldi’mi’zg’a maqset yetip qoydi’q. Buni’n’ ushi’n to’mendegi wazi’ypalardi’ wori’nlaw za’ru’r:

- M.Tawmuratovti’n’ ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyati’nda tutqan wornin’ ani’qlaw;
- M.Tawmuratov prozasi’ni’n’ janrli’q qa’siyetlerin ha’m wonda obraz jasaw wo’zgesheliklerin ani’qlaw;
- M.Tawmuratovti’n’ kishi epikali’q janrlardag’i’ ko’rkemlik izlenislerin ashi’p beriw;
- M.Tawmuratov povestlerinin’ janrli’q ha’m stillik wo’zgesheliklerin ani’qlaw.

**Jumi’sti’n’ izertlew obyekti.** Biz bul jumi’si’mi’zda M.Tawmuratovtin’ “Yerten’ shi’g’armi’z tawg’a” (No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1991), “Aq tu’nnin’ ko’len’kesi” (No’kis,“Qaraqalpaqstan”,1994) “Sa’wirdin’ aq jamg’i’ri’” (No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 1998), “Qi’sqa roman” (No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 2004) atli’ prozali’q toplamlari’ ha’m “Yerkin qaraqalpaqstan”, “Qaraqalpaqstan jaslari’”, “Jas Leninshi” gazetalari’nda,

[2] Бекбергенова З. Қарақалпақстан Республикасы жазыўшылары. Т., 2011, – Б.198.

“A’miwda’rya” jurnali’nda jariyalang’an gu’rrin’, novella ha’m povestlerin izertlew obyekti yetip aldi’q.

**Jumi’sti’n’ metodologiyali’q tiykari’.** Biz pitkeriw-qa’nigelik jumi’si’mi’zda Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ miynetleri ha’m maqalalari’n metodologiyali’q jaqtan basshi’li’qqa aldi’q. Jumi’sti’n’ teoriyali’q ta’repleri ushi’n Aristoteldin’ “Poetika”si’nan, rus ilimpazi’ L.I.Timofeevtin’, wo’zbek a’debiyatshi’ ilimpazlari’nan T.Baboev, I.Sultanov, N.Hotamov, B.Sari’msaqovlardi’n’ ilimiy-teoriyali’q pikirlerinen, jergilikli ilimpazlardan M.Nurmuhammedov, Q.Sultanov, Q.Kamalov, K.Ma’mbetov, S.Bahadi’rova, K.Allambergenov, S.Axmetov, Q.Ja’rimbetov, J.Yesenov, P.Nurjanov, A.Amanova h.t.basqalardi’n’ ilimiy pikirlerinen paydalani’ldi’.

Jumi’sta M.Tawmuratov prozasi’ basqa qaraqalpaq jazi’wshi’lari’ni’n’ do’retiwshiligi menen ha’m zamanago’y wo’zbek prozasi’ u’lgilerine sali’sti’ri’li’p u’yrenildi. Buni’n’ ushi’n sali’sti’rmali’- tipologiyali’q ha’m ko’rkem analiz metodlari’nan paydalani’ldi’.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’.** Jumi’s kirisiw ha’m juwmaqlawdan ti’sqari’ u’lken yeki baptan ibarat. Baplar mazmuni’na qaray bir neshe bo’limlerge bo’linedi. Jumi’sti’n’ son’i’nda paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi ha’m qosi’msha bo’lim si’pati’nda M.Tawmuratovti’n’ baspada ja’riyalang’an prozali’q do’retpelerinin’ bibliografiyali’q ko’rsetkishi berilgen.

# 1-BAP. M.TAWMURATOVTI’N’ KISHI EPIKALI’Q JANRDAG’I’ KO’RKEMLI’K IZLENISLERI

## 1.1. Kishi epikali’q janrlar gu’rrin’ ha’m novella haqqi’nda tu’sinik

“Ko’rkem shi’g’arma qanday da bir u’lken woydi’ bildiriwi tiyis,”- dep A.P.Chexovti’n’ duri’s ko’rsetkenindey, si’rtqi’ du’nyadag’i’ boli’p ati’rg’an barli’q qubi’li’slar ko’rkem shi’g’armada wo’z sa’wleleniwin tabadi’. Bul, a’lbette, jazi’wshi’ ya’ki shayi’rlardi’n’ turmi’s haqi’yqatli’gi’n a’debiyatti’n’ qaysi’ janri’nda beriwine baylani’sli’. Yeger ko’rkem shi’g’armada sezim ha’m ta’sirshen’lik ku’shli bolsa lirika janri’nda, belgili bir waqi’yani’ beriwde epika janri’nda, al, waqi’yadag’i’ personajlar ha’reketi bolsa drama janri’nda sa’wleleniwi mu’mkin. A’debiyatta avtordi’n’ ko’rkem shi’g’armani’ qaysi’ tu’rdin’ janri’nda beriwi wo’zinin’ jekke usi’li’ ha’m wo’zgesheliklerine baylani’sli’.

“Janr - francuzsha “genre” – tu’r degen ma’nini an’lati’p, tu’rmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem su’wretlewdin’ bari’si’nda jazi’wshi’ (shayi’r) niyet yetken ideyalardi’ beriwdin’ usi’llari’ni’n’ biri. Mi’sali’, so’z ustasi’ tariyxi’y haqi’yqatli’qti’ ko’rkem sa’wlelendirmekshi bolsa, wonda wol tariyxi’y (roman,povest h.t.b.) janrdi’n’ mu’mkinshiliklerinen paydalanadi’, yeger wol wo’zinin’ ideyasi’n ishki sezimler, keshirmeler arqali’ emocional formada bermekshi bolsa, lirika janri’na ju’ginedi”[3]. Yag’niy turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem sa’wlelendiriw boyi’nsha ha’r bir a’debiy tu’rdin’ wo’zine ta’n ko’rkemlik mu’mkinshilikleri, su’wretlew qurallari’nan paydalani’w usi’llari’, qullasi’ ha’r bir janrdi’n’ wo’zine ta’n turaqli’ ko’rkemlik usi’llari’ boladi’.

Demek, turmi’sti’ ko’rkem sa’wlelendiriw ta’rtiplerine, talaplari’na qaray, sonday-aq obrazlardi’, xarakterlerdi ha’m sha’rayatlardi’ jarati’w usi’llari’na qaray ko’rkem a’debiyatti’ lirika, epika ha’m drama dep u’ken u’sh tu’rge bo’liw Aristotel da’wirinen baslap bar. Woni’n’ “Poetika” kitabi’ du’nya a’debiyattani’w iliminde payda bol’g’an birinshi a’debiy teori’yali’q miynet boli’p yesaplanadi’. Wonda, tiykari’nan, a’debiyattag’i’ tu’r ha’m janrlardi’n’ payda boli’wi’, rawajlani’wi’ ha’m qa’liplesiw jag’daylari’ menen birgelikte wolardi’n’ ayi’rmashi’li’qlari’ ken’ tu’rde so’z yetilgen[4].

Bunnan ko’rinip turg’ani’nday, a’debiy tu’rlerdin’ payda boli’wi’ yerte da’wirlerge bari’p taqaladi’. Biraq bulardi’n’ qaysi’ biri yen’ da’slep payda bolg’an,– degen sorawg’a juwap tabi’w qi’yi’n. Janrdi’n’ wo’zi de tariyxi’y da’wir talap tiykari’nda

---

[3] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994. –Б.69.
[4] Аристотел Поэтика. Тошкент. Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти. 1980.

rawajlanadi'. Ma'selen, a'yyemgi Greciyada bul u'sh tu'r ten'nen rawajlang'an bolsa, son'g'i' da'wirde woladi'n' rawajlani'wi' ha'r qi'yli' bag'darda rawajlani'p ati'r.

Ha'zirgi ku'nge keli'p a'debiy tu'r bolg'an lirika, epika ha'm drama ken' bag'darda rawajlani'p, wolardi'n' wo'z ishinde ko'plegen janrli'q tu'rleri payda boli'p ati'r. Mi'sali', lirika wo'z ishinde yeski janrlardan g'a'zzel, muxammes, muashshaq, rubayi', sonday-aq, Yevropa a'debiyati'nan qa'liplesken elegiya, epigramma, oda h.t.b. janrlarg'a bo'linedi. Epika bolsa, epopeya, roman, povest, gu'rrin', novella, ocherk, memuar h.t.b. janrlarg'a, al, dramani'n' wo'zi komediya, tragediya, tragikomediya, drama, melodrama si'yaqli' janrlarg'a bo'linedi.

Solardi'n' ishinde epika grekshe – **bayanlaw, tariyxtan ayti'w** degen ma'nini an'lati'p, wo'mir shi'nli'g'i'n teren' su'wretlep, adam xarakteri menen minezin toli'q bayanlap ko'rsetetug'i'n a'debiy tu'r.

Epika yen' yeski janr. Sebebi, ko'rkem so'zdin' sag'asi'ni'n' wo'zi mif, an'i'z, yertekten baslanadi'. Bul janrlar epikanin' sag'asi' boli'p yesaplanadi'. Sonday-aq, lirikani' da yeski janr dep qarawg'a boladi'. Biraq wol so'zlerdin' wo'z ara uyqasli'g'inan payda yetiledi. Yag'niy lirika so'zlerdi uyqasti'ri'p so'ylew son'i'nda payda bolg'an, -dep V.G.Belinskiy duri's ko'rseti'p wo'tedi.

Epikani'n' da da'slep kishi ko'lemli tu'rleri payda bolg'an. Sol tiykarda ko'pshilik ilimpazlar epikani' u'sh toparg'a bo'li'p qaraydi':

1. Kishi ko'lemdegi epikali'q shi'g'armalar;
2. Worta ko'lemdegi epikali'q shi'g'armalar;
3. Ken' ko'lemdegi epikali'q shi'g'armalar[5].

Solardan epikani'n' kishi janrlari' yen' da'slep awi'zeki tu'rde payda boli'p, xali'q arasi'nda tarqalg'an. Jazba a'debiyatti'n' payda boli'wi' menen wolar bu'gingi ku'nge shekem jetip kelgen. Sol tiykarda a'debiyat teoriyasi'n izertlegen ilimpazlar kishi epikali'q janrdi'n' da'slepki qa'li'plesiw tariyxi'n u'sh tarmaqqa bo'li'p qaraydi': 1.Mifologiyali'q a'debiyat, yag'niy, bug'an mif, an'i'z ha'm yerteklerdi kirgiziwge boladi'. Epos yag'niy da'stanli'q shi'g'armalar bolsa bulardi'n' dawami' yesaplanadi'. 2. Liro-epikali'q yagni'y, lirika ha'm epikani'n' sintezinen quri'lg'an a'debiyat. 3. Epikani'n' kishi janrlari'na ta'n u'shinshi basqi'sh gu'rrin', novella, ocherk h.t.b. wo'z ishine aladi'. Bul basqi'shta lirika epika menen aralasi'p ju'rmeydi.

Biz bu'gingi jumi'si'mi'zdi'n' bul bo'liminde kishi epikali'q janrlar gu'rrin' ha'm novella haqqi'nda so'z yetemiz.

---

[5] Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. М,. «Просвещение», 1976. –Б.348-349; Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис. «Билим»,1995, -Б.191; Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002, -Б. 461.

“Gu’rrin’- turmi’sti’ i’qsham ha’m qi’sqa tu’rde sa’wlelendiretug’i’n prozani’n’ povestten kishkene janrli’q tu’ri”[6]. Wol, negizinen, jeti-segiz betten aspawi’ kerek. Biraq ko’rkem a’meliyatta ko’lemi yeki bet penen ju’z bet arali’g’i’ndag’i’ gu’rrin’ler de ushi’rasadi’. Gu’rrin’de bir so’zdi qosi’w ya’ki ali’p taslaw mu’mkin yemes. A.P.Chexov, A.Qahhar gu’rrin’leri tap sonday. Lekin, ha’r a’debiyatta gu’rrin’ wo’z mu’mkinshiliklerine qaray rawajlang’an. Gu’rrin’ bir waqi’yani’ adamg’a bayanlaw tiykari’nda payda bolg’an. Soni’n’ ushi’nda bundag’i’ syujet penen kompoziciya a’dewir i’qshamli’li’qqa iye. Ko’birek bir g’ana waqi’yani’n’ si’rlari’n ashi’p beredi[7].

V.G.Belinskiydin’ aytqani’nday: “… gu’rrin’ mi’n’lap bo’leklerge bo’lingen roman… insan ta’g’dirinin’ payansi’z poemasi’nan bir epizod, sonday waqi’ya ha’m ha’diyseni tan’lap aladi’ ha’m wo’zinin’ tar ramkasi’nda su’wretleydi”[8], - dep duri’s ko’rseti’p wo’tedi.

Haqi’yqati’nda da, gu’rrin’ insan wo’mirindegi belgili bir waqi’yani’ bayanlap, wog’an ha’r qi’yli’ ideyalardi’ ja’mlestiredi. Sheshimnin’ beriliwi tiykari’nda sol ideya ani’qlasi’p, woqi’wshi’ni’ woy ju’ritiwge iytermeleydi.

Rus a’debiyatshi’ ilimpazi’ L.I.Timofeevti’n’ pikirinshe, gu’rrin’ insan wo’mirindegi ayri’qsha bir waqi’ya tiykari’na quri’ladi’, wonda xarakter qa’li’plesken boladi’, shi’g’arma qaharmanlari’ ko’p bola bermeydi, wolar bir waqi’yag’a qatnasadi’. Soni’n’ ushi’n gu’rrin’nin’ ko’lemi u’lken bolmaydi’. Syujet tiykari’nda jatqan waqi’ya, a’lbette, wo’zine ta’n shiyelenisiw, kulminaciya ha’m sheshimge iye boladi’- bulardi’n’ barli’g’i’ insan wo’mirinde bir epizod ramkasi’nda ju’z beredi[9].

Demek, gu’rrin’ insan wo’mirindegi belgili bir problemali’ waqi’yani’ qi’sqa waqi’tqa si’ydi’ri’p, belgili sheshim tiykari’nda juwmaqlap ha’m birinshi betten bas qaharmanni’n’ tilinen, sonday-aq, avtorli’q bayanlawlar menen beriletug’i’n kishi epikali’q janrlardi’n’ biri.

Qaraqalpaq a’debiyati’nda gu’rrin’ janri’ XX a’sirdin’ 30-ji’llari’nda payda boli’p, tiykari’nan, A.Begimov, N.Da’wqaraev, J.Aymurzaev, M.Da’ribaevlardi’n’ do’retiwshiliginde ko’zge taslandi’. Son’i’nan T.Najimov, W.Xojaniyazov, A’.Ta’jimuratov, A.A’liev, S.Sa’liev, A’.Atajanov h.t. basqalardi’n’ do’retiwshiliginde ko’plep ushi’rasti’. Al, g’a’rezsizlik da’wirine keli’p gu’rrin’ janri’nda qa’lem terbetip kiyati’rg’an jazi’wshi’lari’mi’zdan G.Yesemuratova, W.Wo’tewliev, A.A’bdiev, H.Wo’temuratova, M.Tawmuratov ha’m tag’i’ basqalardi’ atap wo’tiwge boladi’.

---

[6] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, – Б.172.
[7] Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис. «Билим»,1995, - Б.194.
[8] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002, - Б. 471.
[9] Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. М., Просвещение, 1971, ср. 359.

Qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde gu’rrin’ janri’n izertlewde S.Bahadi’rova tabi’sli’ ju’mi’s ali’p bardi’. Wol wo’zinin’ “Gu’rrin’ janri’nin’ geypara wo’zgeshelikleri”[10] degen si’n maqalasi’nda “gu’rrin’- kishkene formadag’i’ epikali’q janrdi’n’ bir tu’ri. Wol basqa janrlardi’n’ ishinde “sheberlik mektebi” dep tasti’yi’qlawi’ menen bir qatarda, … “gu’rrin’ turmi’sti’n’ bir kesindisin so’z yetiwi de, turmi’sti’n’ bir neshe epizodlari’n wo’z ishine qamti’wi’ da, qaharmanni’n’ jalg’i’z u’lgisin so’z yetiwi de mu’mkin, woni’n’ barli’q wo’mirin beri’wi de, adam seziminin’ bir qubi’li’si’n beriwi de, waqi’ya bir jo’n baslani’wi’ da, gu’rrin’nin’ ko’lemi bir bet boli’wi’da, al, povesttin’ ko’lemi menen ten’ keliwi de mu’mkin”, - dep janrdi’n’ qa’siyetin tu’sindiredi.

Soni’n’ menen birge avtordi’n’ “Da’slepki qaraqalpaq gu’rrin’leri”, “Gu’rrin’lerdegi sheberlik”[11] h.t.b. si’n maqalalarda gu’rrin’lerdin’ teori’yali’q ha’m a’meliy ta’repleri ken’ tu’rde ayti’lg’an.

1980-ji’llardi’n’ aqi’ri’nda qaraqalpaq a’debiyati’nda gu’rrin’ janri’ni’n’ jazi’li’w mu’mkinshilikleri haqqi’nda a’debiyatshi’ A.Amanova: “Qaraqalpaq gu’rrin’i u’lken prozag’a jol ashi’p beredi. Wol basqa prozali’q janrlardi’n’ payda boli’wi’na ha’m qa’liplesiwine jag’day jasadi’ ”[12], - dep ko’rsetedi.

G’a’rezsizlik da’wirine keli’p gu’rrin’ janri’ni’n’ izertleniwinde I.Wo’tewliev ha’m Z.Qi’taybekovani’n’ a’debiy si’n maqalalari’ di’qqatqa i’layi’qli’[13]. Wolarda, tiykari’nan, ga’rezsizlik da’wirindegi gu’rrin’lerdin’ izertleniw jag’dayi’ ha’m wolardi’n’ ideyali’q-tematikali’q bag’dari’ ken’ talqi’lang’anli’g’i’n ko’riwimizge boladi’.

Al, qaraqalpaq a’debiyati’nda novella janri’ni’n’ payda boli’wi’ XX a’sirdin’ 70-ji’llari’na tuwra keledi. Ha’zirgi ku’nde novellalar ideyali’q-tematikali’q, janrli’q ha’m stillik jaqtan jetiskenliklerge yerispekte. Biraq bul janr qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde yele izertlenbey ati’rg’an temalardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Ma’selen, janr haqqi’nda tek ayi’ri’m ilimiy miynetlerde, so’zliklerde qi’sqasha sholi’w jasap

---

[10] Баҳадырова С. Гүрриң жанрының гейпара өзгешеликлери //ӨЗССР ИА ҚҚФ. Хабаршысы. 1970, №3.

[11] Баҳадырова С. Дәслепки қарақалпақ гүрриңлери ҳаққында //ӨЗССР ИА ҚҚФ. Хабаршысы. 1970, №4; Гүрриңлердеги шеберлик //Әмиўдәрья . 1970, № 10.

[12] Аманова А. Жанрдың мүмкиншиликлери // Әмиўдәрья. 1987, № 9.

[13] Өтеўлиев И. Гүрриң жанрының мүмкиншиликлери // Арал. 1993, № 2-3; Қытайбекова З. Гүрриң жанрының изертлениў бағдарлары // ӨзР. ИАБ хабаршысы. 2002, № 3 ; Ғәрезсизлик дәўири гүрриңлеринде шеберлик мәселеси. // Әмиўдәрья. 2002, № 5

wo'tilgen[14]. Soni'n' menen birge gazeta-jurnallarda bul janr haqqi'nda maqalalar ja'riyalandi'[15].

Internet materillari'nda novellag'a to'mendegishe ani'qlama beriledi: "Novella italyan tilinde "***novella***" degen so'zden ali'ng'an boli'p, russha "***новость***", qaraqalpaqsha "***jan'ali'q***" degen ma'nini bildiredi. Novella janri'ndag'i' shi'g'armalarda adam wo'mirindegi jalt yetken jan'a bir na'rse, shaqmaq shag'i'li'p keskin buri'li's jasalg'anday ayqi'n ko'zge taslanatug'i'n waqi'yalar juwmag'i', insan turmi'si'ndag'i' tan' qalarli'q buri'li'sli' waqi'yalar beriledi. Novellada ko'rkem obrazlar teren' lirizmge, keskin dramatizmge toli' boli'p keledi. Adam jani'na qozg'aw sali'p jiberetug'i'n so'zler qollani'ladi'. Wolar emocionalli'q ku'shke iye muzikali'lig'i' ha'm wo'tkirliligi menen obrazlardi' ku'sheyti'p turadi'. Negizinde novella janri' Bati's Yevropa prozasi'nda XX a'sirdin' wortalari'nan payda boli'p, turmi's shi'nli'g'i'n kompoziciyali'q sheberlik, muzikali'li' jag'i'mli'li'qta su'wretlewi menen ko'zge tu'sti ha'm rawajlandi'. Du'nya a'debiyati'nda novellani' gu'rrin'nin' yen' i'qsham, yen' qi'sqa, tuji'ri'mli', teren' mazmunli' bir tu'ri dep qaraladi'"[16].

Usi' taqi'lette, qaraqalpaq a'debiyati'ndag'i novellalar wo'mir shi'nli'g'i', turmi's ha'diyseleri gu'rrin'ge qarag'anda ju'da' qi'sqa lakonizmge tiykarlang'an boli'p, wonda adam qa'lbindegi ishki tolg'ani's, debdiw, woy-sezimlerdi ko'birek teren' lirizm arqali' beriw, birden keskin buri'li'sli' waqi'yalardi' su'wretlep, woy ha'm pikir juwmag'i'n ayqi'n sheshi'p beriwge qarati'li'wi' menen ayri'qsha ko'zge taslanadi'.

"Novella qaharman wo'mirindegi keskin buri'li's jasag'an ma'writti qi'sqa ha'm wo'tkir ko'rkem psixologiyali'q tu'rde su'wretleniwshi prozani'n' kishi janrli'q tu'ri. Novellada: a) waqi'ya da'l bir qaharmanni'n' wo'miri menen tariyxi'y jaqtan bekkem aji'ralmas baylani'sqa iye boli'wi'; b) syujettin' ku'tilmegen jerden baslani'wi'; v) ko'terip woti'rg'an ma'selelerdin' turmi'stan ali'ng'an bir ta'sirli ko'rkem detaldi'n' a'tirapi'na quri'li'wi'; g) shi'g'armada wog'i'ri' qi'sqa, ha'tteki, qas-qag'i'm ma'writke uzaq ji'llardi'n' da mazmuni'n si'ydi'ri'p jiberiw h.t.b. woni'n' geypara janrli'q tu'rlerden wo'zgesheligin ko'rsetedi"[17].

Ayi'ri'm a'debiyat sabaqli'qlari'nda novella ha'm gu'rrin'nin' uqsasli'q ta'replerin ko'rseti'p, yekewin bir janr si'pati'nda qarag'an[18]. Biraqta «…syujettin'

---

[14] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994.
[15] Баҳадырова С. Гүрриң ҳәм новелла ҳаққында // «Жас ленинши», 1970,№ 10 ; Алламбергенов К. Новелланың жетик шебери (А.Султанов ҳаққында) \\ «Әмиўдәрья», 1997, № 3-4.
[16] http//ru.wikipedia.org/wiki/.
[17] Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994. –Б. 147-148.
[18] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002.

rawajlani'wi'ndag'i' shiyelenisiw ha'm waqi'yani'n' sheshiliwindeg'i ku'tilmegenlik novellani'n' xarakterli belgisi. Novellani'n' qaharmanlari'ni'n' ha'reketine ko'terin'kilik, shi'yraq so'z ta'n»[19].

Uluwma alg'anda, xarakterdin' belgili bir sharayattag'i' jag'dayi'n, ko'rinisin, keskin buri'li'sli' bag'darda, dinamikali'q syujette ku'shli dramatizm ha'm ku'tilmegen, ani'q sheshim tiykari'nda su'wretlep beriw novella janri' ushi'n ayri'qsha xarakterli belgiler boli'p yesaplanadi'. Sonday-aq, novella janri' bul a'debiyattag'i' yen' qi'sqa ha'm jan'ali'qqa jani' qumar sheber lirizm, dramatizmge toli' qi'zi'qli' janr boli'p tabi'ladi'. Bul gu'rrin' janri'nan wo'z aldi'na ayri'qshalani'p, woni' da wo'z aldi'na ali'p tallaw jasawdi' ha'm teren' a'hmiyetin tu'sindirip beriwdi talap yetetug'i'n ha'reketshen' janr boli'p tabi'ladi'. Qaraqalpaq a'debiyati'nda novella janri'n tematikali'q jaqtan ha'm janrdi'n' formali'q jag'i'nan bo'lip u'yreniwge boladi', ma'selen wo'zbek a'debiyati'nda izertlewshi Zebiniso Usmanova yertek-novellalardi'n' bar yekenligin aytqan[20]. Wol wo'zinin' "Ertak-novellalarning ayrim xususiyatlariga doir" dep atalg'an maqalasi'nda bilay jazadi': "Ertakshunoslikka oid asosiy manbalarda mayshiy ertaklar hayotiy novellistik, mayshiy novellistik deb yuritiladi. Buning sababi uning yozma adbiyotga mansub novella janri bilan tipologik o'xshashlikka ega ekanligidadir. …. "Novella" atamasi qadimiy tarixga ega bo'lib, uning vatani Italiya hisoblanadi. Italiyansha "Novell" yangilik degan ma'noni anglatib, adabiyotning epik turiga kiradigan janrlardan biri. …. Eng yaxshi novella uchun syujetning originalligi, unda qo'qqis burilishlarning mavjudligi, qiziqtiruvchanlik, kutilmagan xotimalar xarakterlidir. … Novella prozaning kichik janri, hikoyaning bir turi: hikoyadan syujet va kompoziciyaning qat'yligi, tavsifiyligi, psixologik tasvirdan xoliligi, voqealarning realligi va xayratamuzligi, ramziy elementlarning mavjudligi va boshqalar bilan ajralib turadi"[21]. Izertlewshi usi' bag'darda novella janri'na 70-ji'llardan baslap a'debiyattani'w iliminde keltirilgen a'debiyatshi' ali'mlardi'n' pikirlerin keltiredi ha'm juwmaq jasap "Novella janrining kelib chiqishi xalq og'zaki ijodiga-ertaklarga borib taqaladi" degen pikirdi aytadi'. Bul da duri's shi'g'ar, lekin janrdi'n' rawajlani'wi'n biz pu'tkilley basqa na'rselerden ja'ha'n a'debiyati' durdanalari'ni'n' rawajlani'wi'nan izlewimiz kerek shi'g'ar! Lekin yerteklerdi uluwma gu'rrin' janri'ni'n' tiykari'n salg'an dep aytsaq duri'si'raq boladi'. Usi' bag'darda avtor novella janri'ni'n' formali'q tu'rlerinin' bar yekenligin qarasti'radi'. A'lbette, qaraqalpaq a'debiyati'nda da novella janri' formali'q ha'm tematikali'q jaqtan buri'n ko'rilmegen

---

[19] Ахметов С, Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис. «Қарақалпақстан», 198, . - Б.228.
[20] Усманова З. Эртак-новеллаларнинг айрим хусусиятларига доир. «Ўзбек тили ва адабиёти» , 1997, №2, 47-51-бет.
[21] Сонда.

da'rejede bayi'di'. Usi' jag'i'nan qaraqalpaq novellalari'n janrdi'n' formali'q jaqtan rawajlani'wi' ha'm tematikali'q bag'darlarda wo'sip jetilsiwi ma'selelerin izertlew keleshekte u'lken u'mitlerdi ku'ttiredi.

Qaraqalpaq a'debiyati'nda bul janrdi'n' payda boli'wi' a'debiyat maydani'na talantli' jazi'wshi'lardi'n' kirip keliwi menen baylani'sli'. Bul janrdi'n' talaplari'na say keletug'i'n shi'g'arma jazi'w sheberlik ha'm talantti' biriktiriw na'tiyjesinde a'melge asadi'. Ma'selen, qaraqalpaq a'debiyati'nda novella janri' Alpi'sbay Sultanov, Ken'es Smamutov, Minayxan Jumanazarova, Marat Tawmuratov, Wo'mirbay Wo'tewliev, Bazarbay Yesmurzaev, Hu'rliman Wo'temuratova, Gu'lnara Ibragimova h.t.b. jazi'wshi'lardi'n' do'retiwshiliginde ushi'rasadi'. A'sirese, novella janri' jazi'wshi' A.Sultanovti'n' ko'rkemlik izlenisleri arqali' ayri'qsha rawajlandi'. Sonday-aq, bu'gingi ku'nde jazi'wshi' M.Tawmuratov novella janri'nda da ko'rkemlik izlenisler ali'p bari'p ati'r.

## 1.2. M.Tawmuratov gu'rrin'lerinin' ideyali'q-tematikali'q wo'zgeshelikleri

Ko'rkem shi'g'armada jazi'wshi' ja'miyetlik turmi'stag'i', adam ta'g'dirindegi qanday da bir ma'selelerdi, problemalardi' ko'terip shi'g'adi'. Usi' problemalardi' qozg'aw arqali' wo'zinin' aytajaq woy-pikirin, yag'niy ideyasin jari'qqa ali'p shi'g'adi'. Sonday-aq, jazi'wshi' ko'rkem shi'g'armani' do'retiwdin' bari'si'nda belgili bir ko'zqaraslardi', principlerdi basshi'li'qqa aladi'. Wolardi' wo'zi jaratqan obrazlarg'a sin'diredi, yag'ni'y, jazi'wshi' jaratqan ko'rkem obrazi'nda shi'g'armani'n' tema ha'm ideyasi' wo'z sa'wleleniwi'n tabadi'. Demek, ko'rkem shi'g'armani'n' mazmuni' tema, ideya ha'm problemadan turadi'. "Tema - ko'rkem shi'g'armani'n' sa'wlelendiretug'i'n materiyali', syujetlik materiyallar, problema - bul jan'a ko'teri'lgen a'hmiyetli' turmi'sli'q, ja'miyetlik ta'biyiy sonday-aq, jekke adam ta'g'dirine baylani'sli' ma'seleler. Ideya - usi' shig'arma arqali' avtordi'n' wo'zi su'wretlep ati'rg'an waqi'yalarg'a woni'n' bergen bahalari'"[22].

Jazi'wshi' shi'g'arma ushi'n tema tan'lawda, woni'n' sa'wleleniwinin' barli'q ta'replerin toli'q ko'z aldi'na keltire almaydi', ba'lkim temani'n' uluwmali'q shegaralari'n, obrazli' qi'li'p aytqanda temani'n' "tilsiz karta" si'n ko'redi. Tema shi'g'armanin' pu'tkil mazmuni'n yemes, tek g'ana sol mazmundi' ani'qlawg'a ha'm ko'rkem talqi'lawg'a shaqi'ri'wshi' belgi[23].

Ha'r qanday ko'rkem shi'g'armada tema, ideya ha'm problema u'zliksiz bir-birine baylani'sli'. Usi' birlikler saqlang'an jag'dayda g'ana ko'rkem shi'g'armanin' ideyali'q-tematikali'q jaqtan jetiskenligi ko'zge taslanadi'.

Turmi'stag'i' aktual ma'selelerdi, ju'z bergen jan'a qubi'li'slardi' waqti'nda su'wretlep bari'w, zaman talabi'na say temani' tan'law qaraqalpaq gu'rrin'lerinin' tiykarg'i' wo'zegin belgileydi. Jaziwshi'lari'mi'zdi'n' ha'zirgi ku'ngi jetiskenligi de sonda, wolar ku'ndelikli turmi'stag'i' aktual ma'selelerdi waqti'nda ko'terip shig'i'p, waqi't ha'm zaman talabi'na juwap beriwge ha'reket yetip ati'r.

Ha'zirgi ku'nnin' aktual ma'selelerin ko'terip shi'g'i'w Marat Tawmuratov gu'rrin'lerinin' tiykarg'i' ideyali'q-tematikali'q bag'dari'n quraydi'.

Marat Tawmuratov a'debiyati'mi'zda gu'rrin' janri'ni'n' ha'r ta'repleme rawajlani'wi'na wo'zinin' salmaqli' u'lesin qosi'p kiyati'rg'an jazi'wshi'lardi'n' biri. Woni'n' ken' ja'miyetshilikke belgili "Yerten' shi'g'armi'z tawg'a…" (1991), "Aq tu'nnin' ko'len'kesi" (1994), "Qi'sqa roman" (2004) atli' toplamlari'nda gu'rrin' janri'ndag'i' do'retpeleri berilgen. Soni'n' menen birge woni'n' "Sa'wirdi'n aq

---

22 Жәримбетов Қ. Әдебият теориясы пәнинен лекция текстлери. Нөкис, ҚМУ, 2007, - Б.9.

23 Султанов И. Адабиёт назарияси. Тошкент. «УҚИТУВЧИ», 1986, - Б.172-173.

jamg'i'ri'" (1996) atli' gu'rrin'ler toplami' tikkeley kishi ha'm worta jastag'i' mektep balalari' ushi'n arnalg'an. Sonday-aq, avtordi'n' bir qatar gu'rrin'leri gazeta-jurnal betlerinde ja'riyalang'an. Avtordi'n' gu'rrin'leri ideyali'q-tematikali'q jaqtan bir qansha wo'zgesheliklerge iye yekenligin ko'riwimizge boladi. Wonda, tiykari'nan, adamlar arasi'ndag'i' joqarg'i' insaniyli'q pa'ziyletler: mehir-muhabbat, miyrimlilik, ar-nami's, a'deplilik, ken'peyillik, teren' adamgershilik siyaqli' maseleler wortag'a taslang'an. A'sirese, bir-birewge bolg'an isenim, sadi'qli'q, pa'k muhabbat sezimleri ha'm hu'jdan ma'selesi jazi'wshi' ta'repinen haqi'yqi'y turmi'stan ali'ni'p, teren' mazmunda su'wretlep berilgen.

M.Tawmuratovti'n' "A'japa", "Tu'n jarpi'ndag'i' ji'lawji'n'", "Bizdi keshir, Gu'lnaz…" gu'rrin'lerinde insanlar arasi'ndag'i' wo'z ara hu'rmet, tuwi'sqanli'q ma'seleleri, al "Jawi'nlar ma'wsimi", "Hu'jdan hu'kimi" gu'rrin'lerinde adamgershilik ma'selesi bolg'an hu'jdan temasi' so'z yetiledi.

Jazi'wshi'ni'n' "Bizdi keshir, Gu'lnaz…"[24] dep atalg'an gu'rrin'i bu'gingi turmi'stag'i' ayiri'm jaslardi'n' wo'z ara keli'spewshiligi na'tiyjesinde ja'bir shekken perzenttin' awi'r ta'g'diri su'wretlenedi. Shi'g'arma L.Tolstoydi'n' "Wo'mirde tek bir g'ana haqi'yqi'y baxi't bar, wol da bolsa - wo'zgeler ushi'n jasaw baxti'" - degen epigrafi' menen baslanadi'. Duri'si'nda da, bul epigraf shi'g'armani'n' mazmuni'n toli'q ashi'p bergen.

Shi'g'arma kompoziciyasi'nda tiykarg'i' waqi'yalar bas qaharman Maqsettin' tilinen bayanlanadi'. Sonday-aq, qaharman obrazi'n ashi'wda avtor yeske tu'siriwlerden, lirikali'q sheginislerden sheber paydalang'an. Maqset wo'z shan'arag'i'n, perzentin woylaytug'i'n insan. Woni'n' wo'mirlik joldasi' Gu'ljamal turmi'sqa jen'il qaraytug'i'n hayal. Wol tiykarsi'z si'ltawlar ayti'p, wo'z shan'arag'i'nan, ha'tteki, perzentinen keship ketedi.

*"- U'yden birewler kelgende yen' bolmasa wolar menen so'ylesi'p woti'ra almaysan'. Ha'tteki, Genjebay ag'am seni mag'an ne dep aytatug'i'n yedi? Ku'yew bala ne, amanli'q-yesenlik sorasi'p bilmey me? dep. Usi'lardi'n' ha'mmesi aylani'p kelgende mag'an tiymey me?! ".*

Avtor yeki qaharmanni'n' dialogi'n sheber beriwi arqali' shi'g'armani'n' tiykarg'i' problemasi'n ashi'p bergen.

*" – Bir ma'rte bolsa da mag'an u'y jumi'si'mda qol qabi'si'n'di' tiydirdi'n be?! Qudayli'g'i'n'di' ayt!*

---

[24] Таўмуратов М. Бизди кешир, Гүлназ…. // Ертең шығармыз таўға…. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991.

*Mende qi'zi'p ketip:*

*- Yendi ne, u'yin'di si'pi'ri'p, kirlerin'di juwi'p bereyin be?!- dep saldi'm.*

*- Men jumi'sta ju'rgenimde isle! Vi'zovta, dejurstvada bolg'ani'mda isley ber! Si'pi'r, juw! Bo'tenlerdin' yerkekleri isleydi g'o!*

*- Boldi' qi'sqart!".*

Bunda hayaldi'n' wo'z shan'arag'i'na, wo'mirlik joldasi'na bolg'an hu'rmetsizlik belgilerin ko'riwimizge boladi'. Shan'araq degen biybaha da'rgaydi' jen'il turmi'sqa almastiradi'. Maqset bul waqi'yalardi'n' sebebin tu'sinbey, qi'zi' Gu'lnaz benen jalg'i'z qaladi'.

Avtor Maqset arqali' ha'zirgi ku'nde turmi'si'mi'zda ushi'rasatug'i'n janku'yer, mehriyban a'ke obrazi'n sa'wlelendirgen. Qaharmanni'n' ishki monologi' woni'n' xarakterin jarati'wg'a xizmet ko'rseti'p tur. Sonday-aq, avtor buni' lirizm arqali' sheber bergen. Mi'sali', *"Su'ytip woti'ri'p Gu'ljamaldi' mi'n'lanshi' ret ishley jek ko'rip ketemen. Woni'n' sol bir mehirsiz suli'w ko'zlerin nawa ko'rgim kelmey ketedi. Aqi'ri', wo'zinin' su'ygen adami'n perzentine qosa taslap ketken nashardi'n' ju'regi bola ma yeken?! Men g'oy buni' bilmeymen. Bolmasa Gu'ljamaldi'n' wo'zi shi'paker-Vrach g'o?! Adam balasi'ni'n' bes-alti' ji'l konspekt penen woqi'p alg'an diplomli' qa'nigeliginen ko're wo'mirge sol qa'nigelikti men'geri'p shi'qqani' abzali'raq bolsa kerek? Wo'zinin' su'ygeni menen perzentine degen muhabbeti so'ni'k adam qalay g'ana yendi wo'zgelerdi dawalay aladi'? Bul turi'si' menen ko'zboyawshi'li'q yemes pe?!..."*

Haqi'yqati'nda da, da'rtli insanlarg'a dawa boli'w ushi'n yen' aldi' menen ju'rekte insani'yli'q muhabbat, pa'k sezimler boli'wi' kerek!

Maqset ha'm qi'zi' Gu'lnaz Gu'ljamaldi' bir ku'ni qayti'p keler degen u'mit penen jasaydi'. Yendi g'ana to'rt jasti' qarsi'lag'an Gu'lnaz anali'q mehrin ku'sep, tu'nleri ji'laydi'. A'kesi qi'zi'n jubati'p, tu'nleri uyqi' ko'rmeydi. Qi'zi'm ushi'n anasi' menen so'ylesemen,-dep Maqset bul jag'daydan ishley qi'ynaladi'. Al, bul jag'day Gu'ljamaldi'n' qi'yali'nan da wo'tpeydi.

*"- Boldi', ha'mmesi tamam! Ko'ylen'kedey yendi keynime yerme! Arami'z u'zik! Yendi men, sen degen joq!*

*- Gu'lnaz she?!*

*- Ali'p qala ber dep berip kettim g'o sag'an! Boldi' ma?!*

*- Sen ne, woni'n' anasi'san' g'o?!*

*- Pajalista, basqasi'n tawi'p alarman?!".*

Usi’ waqi’yadan keyin Maqset wo’mirlik joldas tan’lawda turmi’stan qatti’ adasqanli’g’i’n ta’n ali’p qi’ynaladi’. Gu’ljamaldi’n’ si’rtqi’ ko’rinisine qi’zi’p, woni’n’ ishki du’nyasi’n bilmegenliginen usi’ jag’dayg’a keldim dep woylaydi’. Ku’nlerdin’ birinde Gu’lnaz qatti’ awi’ri’p yemlewxanag’a tu’sip qaladi’. Maqset bolsa bul jag’daydi’ Gu’ljamalg’a jetkerip, wonda anali’q mehri woyang’anda ha’mmesine kesh bolg’an yedi.

*“- Qi’zi’m qayda?!*

*Vrach qollari’n iynime qoyi’p.*

*- Ma’rt boli’n’, inim,-dedi”.*

Avtor shi’g’armani’ usi’nday tragediyali’q juwmaq penen beriwi arqali’ ha’zirgi ku’ni turmi’sta ushi’rasatug’i’n ayi’ri’m jaslardi’n’ shan’araq, turmi’s degen muqaddes da’rgayg’a hu’rmetsizlik, itibarsi’zli’q penen qaramaw kerek yekenligin tu’sindirmekshi boladi’. Sebebi, ha’zirgi ku’ni shan’araq ma’selesi ma’mleketlik siyasat da’rejesine ko’terilgen[25]. Gu’rrin’nin’ sheshimi ha’r bir wo’qi’wshi’ni’ woy ju’ritiwge ha’m tiyisli juwmaq shi’g’ari’wg’a iytermeleydi.

Marat Tawmuratovtin’ “Hu’jdan hu’kimi”[26] gu’rrin’i ideyali’q-tematikali’q jaqtan adamgershilik, bir-birewge jaqsi’li’q qi’li’w ha’m hu’jdan ma’selelerin so’z yetedi.

Avtordi’n’ bul gu’rrin’i da’slep gazeta betlerinde “Huqi’qi’ joq yedi ”[27] atamasi’ menen ja’riyalang’an. Biraq, bul yeki variant arasi’nda hesh qanday wo’zgeshelik joq. Lekin, shi’g’armani’ woqi’p, mazmuni’ menen tani’sqannan keyin “Hu’jdan hu’kimi” atamasi’ mazmundi’ toli’q qamti’g’anli’g’i’n ha’m sa’tli shi’qqanli’gi’n ko’riwimizge boladi’.

Avtor shi’g’armani’n’ kompoziciyasi’nda, yag’niy bayanlawda ha’m qaharman xarakterin ashi’p beriwde yeske tu’siriwlerden uti’mli’ paydalang’an.

Shi’g’armada Murat degen jigit awi’r jag’dayda yemlewxanag’a tu’sedi. Son’ jorasi’ Polatti’n’ yeske tu’siriwleri arqali’ tiykarg’i’ waqi’yalar beriledi. “*... keshe keshquri’n yedi-aw, Murat penen keshletin’kirep ko’shege shi’qqani’mi’z. Imi’rt u’yirilip, sha’ha’r qaran’g’i’li’q qoyni’nda qaldi’. Qosaqlasi’wi’mi’z benen avtobus ba’ndirgisine jaqi’nlay berisimizde u’sh jigit ha’m bir qi’z wo’z ara ga’plesi’p tur yeken. Lekin, hasli’nda ga’pleri a’rre-ta’rre yedi. Soni’n’ arasi’nda jan’ag’i’ qi’z bizlerge jaqi’nlap:*

*- Ag’ay, mi’nalar qoymay tur,-dedi qa’weterli.*

*Al, jan’ag’i’ u’shewi bolsa:*

---

[25] Prezident I.A.Karimov ta’repinen 2012-ji’li’ “Bekkem shan’araq” ji’li’ dep belgilendi.
[26]Таўмуратов М. Ҳуждан ҳукими // Ертең шығармыз таўға…. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1991.
[27] Таўмуратов М. Ҳуқықы жоқ еди // «Жас ленинши» , 1989, 3-май.

*-Ketin' bul jerden, paka jiyboy!-dep shala russha buyi'ri'p so'yledi".*

Yag'niy, Murat tu'n jarpi'nda biytani's qi'zdi'n' ar-nami'si'n qorg'aw ushi'n wo'zinin' wo'mirin qa'terge qoyadi' ha'm jaraqatlani'p yemlewxanag'a tu'sedi. Avtor jorasi' Polatti'n' ishki monologlari' arqali' woni'n' ruwhiy jag'dayi'n, qi'ynali'w sezimlerin sheberlik penen bayanlap bergen. Mi'sali', *"... Biraq, mi'na jati'si'nda yendi Murat bayag'i' men tani'ytug'i'n a'piwayi' jigitke sira'da uqsamaytug'i'n yedi. Al, biytani's birew ushi'n nelerge qayi'l boli'p ja'ne tartqan ja'birlerine itibar bermey, wo'z isine kewli toli'p wotirg'an men tani'maytug'i'n ju'da'ma ku'shli a'lle bir jigitke uqsar yedi wol".*

Mine, gu'rrin'de usi'nday insandag'i' hu'jdanli'li'q siyaqli' ayri'qsha adamgershilik si'patlari' wo'z sa'wleleniwin tapqan.

M.Tawmuratovti'n' "Tu'n jarpi'ndag'i' ji'lawji'n'..."[28] gu'rrin'inde anasi'ni'n' awi'r jag'dayi'nan qi'ynali'p ati'rg'an bas qaharmanni'n' ishki gu'yzelisleri, ruwhi'y jag'dayi' so'z yetiledi. Waqi'ya bir tu'nnin' ishinde qi'sqa waqi'tqa quri'lg'an boli'p, tu'n jarpi'nda tosattan bolg'an qon'i'raw shi'g'arma syujetinin' baslani'wi'na ha'm bas qaharmanni'n' ruwhi'y qi'ynali'wi'na sebep boladi'. *"Shi'rrrrr!!!.... Shi'rrrrr!....*

*Jalg'i'z g'ana tilegi'm bar. Wol da bolsa "Sol na'rse bolmag'ay da'! Biraq, bag'ana apam: "kete ber balam, jumi'si'n'nan qalmay-aq qoy. Ta'wirmen, qudayg'a mi'n' qatla shu'kir..." dep qoyarda qoymay meni wo'zi u'yge qaytari'p yedi. Ja'ne ne boli'p qaldi' yeken?!",-* dep qayg'i'g'a tu'sedi ha'm anasi'ni'n' yerterekte awi'r keselleni'p, ta'wir boli'p ketkenligin yeske tu'siredi. Son' shi'g'armada avtor anani'n' ulli'li'g'i'n, perzent ushi'n ha'mme na'rsege tayi'n aziz insan yekenligin qaharmanni'n' tilinen so'z yetedi.

*"... A'kesi komandirovkag'a ketkende to'rt birdey na'resteni suwi'q xanada qaldi'rg'i'n' kelmey, ayag'i'n'da zorg'a tursan' da sol ma'rte qa'stelikke boysi'nbadi'n' aw... Balkim, usi' shi'g'ar senin' Ana degendegi ulli'li'g'i'n'?! ".*

Bas qaharman usi'lardi' birim-birim woylap, zorg'a degende telefon apparati'na jetedi. Son' telefon trubkasi'n alsa, tu'n jarpi'nda adasi'p tu'sken biytani's adam boli'p shi'g'adi'.

Shi'g'arma son'i'nda avtor qaharmanni'n' telefon trubkasi'n alg'annan keyingi ruwhiy halati'n beredi'. *"Yebeteysiz, wonnan qala berse jag'i'msi'z boli'p yesitilip ketken ku'lkilerdin' dawami'n yesi'tpesten trubkani' worni'na sart yettirip qoydi'm. So'yttim de arg'i' bo'lmenin' ayqi'ra ashi'lg'an qapi'si'nan tu'sken jaqti'dan yari'm*

---

[28] Таўмуратов М. Түн жарпындағы жылаўжың.... // Ертең шығармыз таўға.... Нөкис. «Қарақалпақстан», 1991.

*ko'len'keli' da'lizde bir demge wo'zim menen wo'zim qaldi'm. Aradan wo'tken sanawli' saatlar ishinde biraz qartayi'p, sho'gi'p qalg'andayman. Tuslari' sanawsi'z jiyri'qlang'an mina qoy ko'zlerim u'lken u'mitler menen tun'g'i'yi'qqa telmirer yedi. Moyni'mdi' ishke tarti'p ali'ppan. Won barmag'i'm taram-taram boli'p quri' jilik su'yekleri'm qalg'anday…".* Bul jerde avtor qaharmanni'n' ruwhi'y halati'n ta'sirli ha'm isenimli ashi'p bergen. Haqi'yqati'nda da, "qori'qqang'a qos ko'riner" degendey, tosattan tu'n jarpi'ndag'i' qon'i'raw ha'r qanday awi'r jag'dayda woti'rg'an insanni'n' ruwhiy halati'na keri ta'sirin tiydiriwi mu'mkin.

Uluwma aytqanda, Marat Tawmuratovti'n' gu'rrin'leri ideyali'q-tematikali'q bag'dari'ni'n' ken'ligi menen woqi'wshi'ni yerksiz wo'zine tartadi'. Woni'n' gu'rrin'leri turmi's haqi'yqatli'g'i'n teren' ashi'p beri'p, qaharmanlari'ni'n' ishki ruwhi'y jag'daylari'n peyzaj yag'niy ta'biyat ko'rinislerine baylani'sti'ri'p sa'wlelendirgen. Soni'n' menen qatar gu'rrin'lerinde joqari' adamgershilik, a'dep-ikramli'li'q belgileri, shi'n muhabbat, dosli'q, adamlar arasi'ndag'i' qari'm-qatnas, shan'araq ha'm turmi's ma'seleleri ayqi'n ko'zge taslanadi.

## 1.3. M.Tawmuratov novellalari'ni'n' janrli'q wo'zgeshelikleri

Qaraqalpaq a’debiyati’nda novella janri’ni’n’ payda boli’wi’ a’debiyatta talantli’ jazi’wshi’lardin’ kirip keliwi menen baylani’sli’. Bul janrdi’n’ talaplari’na say keletug’i’n shi’g’arma jazi’w sheberlik ha’m talantti’ biriktiriw na’tiyjesinde a’melge asadi’. Bu’gingi ku’ni M.Tawmuratov a’debiyati’mi’zda bul janrdi’n’ rawajlani’wi’na u’les qosi’p kiyati’rg’an do’retiwshilerdin’ biri boli’p tabi’ladi’. Woni’n’ novellalari’ janrli’q ha’m ideyali’q-tematikali’q jaqtan wo’zi’ne ta’n wo’zgesheliklerge iye. Wolar turmi’sli’q waqi’yalarg’a bay, teren’ lirizm ha’m keskin dramatizmge toli’ boli’p keledi. Sonday-aq, avtor qaharmanlari’ni’n’ ruwhiy-psixologiyali’q jag’daylari’n, ishki tolg’ani’slari’n sheberlik penen beriw uqi’bi’na iye. Ma’selen, woni’n’ “Turmi’sti’n’ yekinshi ni’zami’”, “Jol shetindegi ko’len’ke”, “Jolli’”, “Bir tag’dirdin’ isi bul”, “Jalg’i’zli’q salmag’i’”, “Tirishiliktin’ birinshi formulasi’”, “Ta’g’dir jollari’ni’n’ kesispesi”, “Turmi’sti’n’ yekinshi ni’zami’”, “Biz, sizdi qi’di’ri’p tabami’z…”, “Aq tu’nnin’ ko’len’kesi” h.t.b. novellalari’ turmi’s haqi’yqatli’g’i’n ayqi’n su’wretlewi ha’m adamlardi’n’ ishki tolg’ani’slari’n, ruwhi’y jag’daylari’n ko’birek ku’shli sezimler arqali’ beriwi menen woqi’wshi’da wo’zgeshe ta’sir qaldiradi’. Ma’selen, jazi’wshi’ni’n’ “Jol shetindegi ko’len’ke”[29] novellasi’ qi’sqa waqi’tqa quri’lg’ani’ menen insani’yli’q, mehir-muhabbat, ar-nami’s si’yaqli’ ulli’ ideyalardi’ ko’terip shi’qqanli’g’i’ menen a’hmiyetke iye. Novella atamasi’da woqi’wshi’da qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatadi’, shi’g’armani’n’ atamasi’n avtor ne ushi’n usi’lay qoydi’ yeken? - dep woylaysan’. Novellani’n’ mazmuni’ menen tani’sqannan keyin buni’ tu’sinip jetemiz. Shi’g’armadag’i’ waqi’yalar birinshi bettten shofyordi’n’ tilinen ha’m avtorli’q bayanlawlar arqali’ beriledi.

*“-Toqtat, ali’p keteyik,-dedi dari’ldag’an dawi’s.*

*Bul basli’qti’n’ buri’nli’ - son’li’ a’deti yedi. Wol hesh waqi’t jol boyi’nda nashar tuqi’mi’n taslap ketken yemes. Ha’zirde solay bolajaq”.*

Son’ waqi’yalar ku’tilmegen jag’dayda rawajlani’p, mashinani’n’ artqi’ wori’nli’g’i’nda woti’rg’an basli’q adam wo’zinin’ u’yrenshikli a’detin islep qi’zg’a qol salmaqshi’ boladi’. Usi’ ku’tilmegen waqi’ya sebebinen qaharmanlar arasi’nda keskin qarama-qarsi’li’q kelip shi’g’i’p, waqi’yani’n’ tez tamamlani’wi’na ali’p keledi.

*“Tu’s mashi’nnan! - Yentigip so’ylegen adamni’n’ bul buyri’g’i’n ku’tpesten-aq, qi’z mashi’nnan tu’sti de, u’sti basi’n ta’rtipke keltirip, joldi’n’ yernegi menen tuwri’ aldi’na qarap ju’rip ketti”.*

---

[29] Таўмуратов М. Жол шетиндеги көлеңке // «Қарақалпақстан жаслары», 1999, 4-март.

Novella son’i’nda avtor Sa’mender shofyordi’n’ tilinen bayanlang’an monolog arqali’ uluwma shi’g’armani’n’ ideyasi’n beredi.

*“…qi’yali’nda waqi’yani’n’ bul qurag’i’m tamamlang’anli’g’i’na riyza boldi’ ha’m bul neshinshi ma’rte yekenin bilmeydi, bul qi’ysayg’an adamni’n’ qi’lwasi’na qayi’l bolmay jol shetinde qalg’an qi’zlarg’a minnetdar yedi. Usi’nday ta’kabbi’r, qi’z nami’si’n sonsha ardaqlaytu’g’i’n qi’zlardi’n’ bar yekenligine sonday quwandi’.*

Avtordi’n’ bul shi’g’armasi’ 2004-ji’li’ baspadan shi’qqan “Qi’sqa roman” atli’ kitabi’nda “Tu’n’gi prospekt” dep qayta atali’p, gu’rrin’ dep ja’riyalandi’. Biraq bul yeki do’retpe arasi’nda aytarli’qtay (shi’g’arma atamasi’nda, bayanlawda ayi’ri’m wo’zgerisler bolmasa) wo’zgeshelikler joq.

Bul shi’g’armani’n’ janrli’q wo’zgesheligine keletug’i’n bolsaq, bizin’she, shi’g’armani’n’ mazmuni’ gu’rrin’ge qarag’anda novellag’a jaqi’n. Sebebi, wondag’i’ mazmun qi’sqa waqi’tqa si’ydi’ri’lg’ani’ menen insaniyli’q, ar-nami’s si’yaqli’ ulli’ ideyalardi’ bere alg’an. Bul ma’selenin’ haqi’yqi’y turmi’stan ali’ng’anli’g’i’ waqi’yalardi’n’ ku’tilmegen jerden baslani’p, syujettin’ ku’tilmegen sheshim menen juwmaqlani’wi’ siyaqli’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikler buni’ toli’q da’lilleydi.

Jazi’wshi’ni’n’ “Tirishiliktin’ birinshi formulasi’”[30] shi’g’armasi’ novellani’n’ janrli’q qa’siyetlerine toli’q juwap beredi. Wonda awi’r kesellengen wo’mirlik joldasi’ni’n’ awhali’n ko’rip qi’ynali’p woti’rg’an Muratti’n’ ruwhi’y jag’dayi’ avtor ta’repinen sheber berilgen. Ma’selen, *“Sa’rbinin’ basi’nda woti’ri’p ko’kiregim qi’si’li’p barati’r. Woni’n’ wo’z ta’g’diyrin aldi’nnan bilip ha’r na’rseni ani’q ayti’p jati’rg’anlari’ meni shorshi’ti’p jibere beredi! Wo’kpeme hawa jetpey demigemen! Bul jag’daylari’mdi’ wol an’bay-aq qoysi’n dep ishki da’rtten girtiyip, isip ketken ko’zlerimdi jasi’ri’p, wog’an qaramayjaq bolaman, biraq negedur ha’r sapari’ ko’zi ko’zime tu’sedi de, “Qoysa, Murat!”-deydi qoli’mdi’ qi’si’p, al men bolsam wonnan beter ishley qan jutaman!”.*

Haqi’yqati’nda da, bul turmi’sta boli’wi’ mu’mkin bolg’an jag’day. Wo’zinin’ wo’mirlik joldasi’nan ayri’li’w, a’lbette, insan ushi’n awi’r.

*“Bul kesellikten ketken adamlar haqqi’nda ko’p yesitkenbiz. Solay bolsa da nedendur, u’lken bir ka’ramat ku’shten u’mitlenemiz. Wo’zimizdi wo’zimiz aldaymi’z, jubatami’z. Itimal, Sa’rbinin’ bir ku’n bolsa da, bir saat bolsa da, bir minut bolsa da aman ali’p qali’wlari’n tileymen. Bolmasa wol da a’lle qashan wo’z jag’dayi’n tu’sinip ati’r, woni’n’ wo’zi de medik-g’oy!..”.* Wol usi’lardi’ woyi’nan wo’tkeri’p,

---

[30] Таўмуратов М. Тиришиликтиң биринши формуласы // Қысқа роман. Нөкис, «Қарақалпақстан». -Б.9.

wo'mirlik joldasi' menen da'slepki tani'sqan baxi'tli' ku'nlerin yesleydi. Hayali'ni'n' "U'yge qayta bersek qalay boladi', Murat?",- degen so'zinen-aq, woni'n' wo'mirge, shan'arag'i'na, ha'tte, ta'shwishli turmi'sqa degen umti'li'si'n sezedi. Woni'n' ha'r bir u'mitsiz so'ylegen so'zleri Murat ushi'n awi'r batadi'. *"- Murat, jaman tu's ko'rdim. Apam qasi'na shaqi'ri'p ati'r. – Wo'zimdi uslay almay dawi'slap jilap jiberdim! Basi'mdi' Sa'rbinin' basi'na qoyi'p, ko'kiregim solqi'ldap ji'lar yedim! Yendi wol meni jubati'p ati'r. "Jaq, yendi meni hesh kim jubata almaydi'! Aqi'ri', bul- wo'mirdin' son'g'i' noqati'nda ha'mmenin' ko'z aldi'na keletug'i'n haqi'yqi'y payi't yemes pe? Wo'lgen adamni'n' jaqi'nlari'n qasi'na shaqi'ri'wi'n usi'lay jori'may ma?".* Avtor Murattin' ishki ruwhi'y halati'n usi'nday ta'sirli qatarlar arqali' beriwi woqi'wshi'da ayani'sh, qi'ynali'w sezimin woyatadi'. Novella juwmag'i'nda turmi'sti'n' ashshi' haqi'yqatli'g'i', yag'niy insanlardi'n' mezgilsiz du'nyadan wo'tiwi bas qaharmanni'n' ruwhi'y tolg'ani'slari', qayg'i'ri'w sezimleri arqali' ta'sirli berilgen. *"Turmi'sti'n' shi'nji'rma-shi'nji'r baylani'sqan" bul tabiyiy halati' qay waq bir waq bizden wo'z sheshimin talap yetedi. Aqi'ri', bul- tirishiliktin' yele hesh kim sheship, da'liyllep bere almag'an birinshi formulasi'-g'oy!..".*

M.Tawmuratovti'n' "Jolli'"[31] novellasi' ko'rkemlik ta'repleri menen woqi'wshi'ni'n' di'qqati'n wo'zine tartadi'. Syujettin' da'stu'riy yemes usi'lda beriliwi, kompoziciyani'n' quri'li'wi'ndag'i' wo'zgeshelik shi'g'armani'n' ideyali'q-tematikali'q ko'rkemliginen derek beredi. Avtor ha'zirgi ku'nde ta'biyat ha'm insan arasi'ndag'i' u'zliksiz baylani'sti'n' a'hmiyetli ta'repin ko'rsetken. Soni'n' menen birge, jasaw ushi'n gu'res, tirishiliktin', wo'mirdin' qa'dirine jetiw si'yqali' ma'seleler wortag'a qoyi'lg'an. Jazi'wshi' turmi'sti'n' ni'zami' bolg'an tirishilik ha'm wo'lim tu'siniklerin tilsiz haywan iyttin' ruwhi'y halati' arqali' sheber ashi'p bergen Jolli' wo'zi ushi'n qa'dirli bolg'an bul jigitke jetiwge asi'g'ar yedi. Biraq wonday bolmadi'...

*"Jolli' iytler du'nyasi'nda juwi'ri'p-jorti'p ju'rgeninde tani's birewdin' i'sqi'ri'g'i'nan bir jaqlama qi'ysayi'p buri'ldi'. Qulag'i' yerben'lep, tani's i'sqi'ri'qti' ha'm wo'zinin' ati'n ja'ne yesitti. So'ytti de quyri'g'i'n bi'lg'ap, gewdesine say yemes jen'illik penen wo'zin shaqi'ri'p ati'rg'an jigitke taslandi'. Tani'si'n tuw anadaydan ko'rip, jan–ta'ni menen wog'an asi'g'i'p ko'kiregin alg'a taslap juwi'rg'an Jolli' "tars!" yete qalg'an a'jepta'wir sesten buri'n woni'n' ko'kirek awi'zli'g'inda payda bolg'an si'ypaq na'rsenin' to'besinin' jarq yete qalg'anin' bayqadi'".*

---

[31] Таўмуратов М. Жоллы // «Еркин қарақалпақстан», 2002, 12-октябрь, № 124.

Shi’g’armanin’ kompoziciyali’q quri’li’si’ndag’i’ wo’zgesheligi sonda, avtor waqi’yalardi izbe-iz ta’rtipte bayanlamaydi’. Yendi Jolli’ni’n’ ruwhi’y halati’ arqali’ woni’n’ wo’tken wo’miri bayanlanadi’. *“Qay waqlari’ yekeni yesinde joq, bir ku’nleri Jolli’ kesellendi. Ko’zinin’ aldi’ ti’ni’p, yeti qi’zi’p, ko’kiregin jerge basi’p jatti’ da qoydi’. Usi’ ku’nleri u’ydin’ yeki balasi’ woni’n’ basi’nda wotirdi’, da’ri ishkizdi, biraq Jolli’ da’rilerdi qaytari’p tasladi’, wonnan son’ a’ste-a’ste wo’zine kele basladi’. Wo’zi sawalg’andag’i’ yeki balani’n’ ko’zlerinde payda bolg’an quwani’sh belgilerin Jolli’ ani’q ko’rdi! Bug’an pa’mana bolg’an yeki na’restenin’ quwang’ani’na wo’zide qosi’li’p quwandi’, sebebi, Jolli’ tirishilik penen wo’lim degen qorqi’ni’shli’ tu’siniklerdin’ de qatar ju’retug’i’ni’n yele bilmeytug’i’n yedi”.* Jolli’ wo’zi uyrenip qalg’an bul qalpaqli’ jigitten ko’p ma’rte ayri’li’p, woni’ ha’mme waqi’t ku’ti’p jasaytu’g’i’n yedi. *“U’sh ma’rte basqa bir u’ydin’ aldi’nda woni’ ku’ti’p jatti’. Tu’n jarpi’nda ishkerilep ketken bul jigit tan’ atpay ati’ri’p asi’g’i’s bul u’yden shi’g’i’p ketken yedi…”* Bunday bayanlawlar arqali’ avtor insanlar arasi’ndag’i’ wopasi’zli’qti’, al, haywanlardi’n’ insanlarg’a sadi’q, wopadar yekenligin aytpaqshi’day ko’rinedi.

Avtor waqi’yalardi’ bayanlaw bari’si’nda shi’g’armada ilimiy terminlerdi ko’plep paydalang’an. Bul joqari’ bilim da’rejesine iye adamlar ushi’n arnali’p jazi’lg’anday ko’rinedi. Mi’sali’, *“Zaqi’mlang’an miyinin’ a’lle bir yacheykalari’nda yad kodlari’nda bul mag’li’wmatlar birneshe milliard kilobaytli’q si’yi’mli’qta payda boldi’…”* Wonda qollani’lg’an ilimiy terminler qarapayi’m xali’q ushi’n tu’siniksi’z boli’wi’ mu’mkin. Sonday-aq, woqi’wshi’ni’n’ qabi’llawi’na qi’yi’nshi’li’q tuwdi’radi. Bi’raq bunday qi’li’p shi’g’armada insanni’n’ ruwhi’y jag’dayi’n, tirishilik ha’m wo’lim tu’siniklerin ilimiy terminlerde beriw jazi’wshi’ni’n’ sheberligine baylani’sli’.

M.Tawmuratov shi’g’armalari’nda ya’ki woni’n’ atamalari’nda terminlerdin’ qollani’li’wi’ woqi’wshi’da qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatadi’. Bul jazi’wshi’ni’n’ jekke stiline ta’n qa’siyetler dep woylaymi’z. Sebebi, M.Tawmuratov Qaraqalpaqstan Ma’mleketlik Universitetinin’ matematika fakulteti itimalli’li’q teoriyasi’ bo’limin (1983) pitkergen. Woni’n’ novellalarinin’ atamalari’nda matematikali’q terminlerdin’ ko’plep ushi’rasi’wi’ sonnan bolsa kerek. Mi’sali, “Turmi’sti’n’ yekinshi ni’zami’”, “Jalg’i’zli’q salmag’i’”, “Tirishiliktin’ birinshi formulasi’”, “Ta’g’dir jollari’ni’n’ kesispesi”, “To’rtinshi wo’lshem” novellalari’n atap wo’tiwge boladi’.

M.Tawmuratovti’n’ “Biz, sizdi qi’di’ri’p tabami’z…”[32] novellasi’ bu’gingi turmi’stag’i’ waqi’yalardi’ so’z yetedi. Shi’g’arma qaharmani’ Nag’met turmi’sta ha’m ja’miyette wo’z worni’na iye. Qoli’nda jumi’si’ bar, shan’arag’i’ ushi’n jan ku’ydiretug’i’n insan. Ha’tteki, wo’zine biytani’s adamdi’ wo’rtten qutqari’p, jaqsi’li’q qi’ladi’.Wo’zi jaraqatlanadi’. Novellani’n’ atamasi’ da mazmundi’ toli’q ashi’p bere alg’an. Wonda jaqsi’li’q ko’rgen insanlar Nag’metti izleydi.

*“Bular izlegen u’yin demde, bir siltewden-aq tawi’p aldi’. A’ytewir-aq sali’ng’an jay yeken.To’rt wo’jire, kirgen jerdegi gazxanada woti’ri’p shay ishedi. To’besi shiferlanbag’an, potoloklanbag’an da”.* Bul bayanlawlar Nag’mettin’ turmi’s jag’dayi’n ko’rsetetug’i’n yedi. Sonday-aq, avtor shi’g’armada woni’n’ obrazi’n yelede ku’sheytiw maqsetinde lirikali’q sheginislerden de sheberlik penen paydalang’an.Mi’sali’,

*“-Sizler ideal qaharmanlardi’ izleysizler! Qayaqta sol qaharmanlari’n’i’z? Ko’ri’p ju’rgen video filmlerde me? Ya kitaplardan woqi’ysi’zlar ma? Don Kixot deysizler awi’z tolti’ri’p! Aqi’ri’, bul jer yertekler yeli yemes g’oy! To’rt perzenti, hayali’ni’n’, u’y-jayi’ni’n’ bu’ginin, yerten’in, keleshegin woylap woti’rmastan ko’z jumi’p qaharmanli’qqa qol urdi’. Wo’limge betpe-bet barg’an. Ko’rdin’iz g’oy! Qayaqta sizlerdin’ yen’ bolmasa wo’zin’izdi-wo’zin’iz su’ygenlerin’iz?! Jalg’i’z jupi’ni’ paltosi’n da birew ushi’n ayamay ku’ydirgen. Woni’ da hesh kimge minlet yetpeydi. Basli’si’ mine usi’lar. Bet-awzi’ ku’ygen. Da’rige, jarasi’n tan’i’wg’a siyle ali’wg’a da aqshasi’ joq. Sonda da ko’z jumi’p ma’rtlik isleydi ”.*

Shi’g’armada qaharmannin’ woylari’, yelesleri, ko’zqaraslari’ lirikali’q sheginisler formasi’nda su’wretlenedi ha’m bul usi’ldi’n’ shig’arma kompoziciyasi’nda, xarakterlerdi psixoligiyali’q jaqtan teren’nen ali’p su’wretlewde a’hmiyeti u’lken. Qaharmanlardi’n’ psixologiyasin woqi’wshi’larg’a toli’g’i’raq ha’m ayqi’ni’raq jetkiziwde lirikali’q sheginislerdin’, uluwma lirizmnin’ ayri’qsha worni’ haqqi’nda a’debiyatshi’ J.Yesenov duri’s ko’rsetip wo’tedi[33].

Demek, novellada bunday bayanlawlar arqali’ adamlardi’n’ bir-birine jaqsi’li’q qi’li’wi’, sol tiykarda insan ushi’n qadirli bolg’an wo’mirdin’ saqlani’p qali’ni’wi’, soni’n’ menen birge turmi’sti’n’ haqi’yqi’y waqi’yalari’ wo’z sa’wleleniwin tapqan.

*“Miyman bul jigittin’ jasaw sharayati’n bir qarag’annan an’ladi’. Yeliw segiz ji’l basqa turmi’sta, basqa du’zimde, kerek bolsa basqa wo’lshemde jasap wo’tkenin*

---

[32] Таўмуратов М. Биз, сизди қыдырып табамыз… // «Әмиўдәрья» журналы, 2010, № 6.
[33] Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары (ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде көркем психологизм проблемасы). Нөкис. «Қарақалпақстан», 1986, - Б.39-40.

*moyi'nladi'! Aqi'ri', tirishiliktin' haqiyqatli'g'i' mi'na boyawlar menen boyali'p, uzaq jollari' mi'naday jollar menen ju'rip wo'tiletug'i'nli'g'i'n tu'sindi! Usi' ret wol shep ko'kirekliginde ju'rek degennin' bolatug'i'ni'n awi'rsi'ni'p sezdi. Sebebi, hesh waqi't buri'nlari' woni'n' bul mushtay mu'shesi bu'yti'p ta'shwishlenip silkinbeytu'g'i'n yedi- da'!".* Yag'niy, avtor bul bayanlawlari'nda haqi'yqi'y adamgershilik, insaniyli'q si'patlarg'a iye bolg'an obrazdi' teren' lirizm arqali' bergenligin ko'riwimizge boladi'. Novella ideyali'q-tematikali'q jaqtan A.Sultanovti'n' "Aq atli' yamasa atamdi' ko'rgen adam"[34] shi'g'armasi'na u'nles keledi. Bunda aq atli' adam umi'ti'lmastay jaqsi'li'q qiladi'. *"Yendi u'ydin' tusi'nan aq atli'wo'tse da'rhal juwi'ri'p shi'g'aman, wog'an sa'lem beremen, "sho'llep kiyati'rg'an bolsan'i'z sarqum menen suw a'keli'p bereyin" deymen. "*

Bul yeki novella arqali' insanlar bir-birinin' qa'lbinde islegen jaqsi' isleri menen ma'n'gige qaladi',- degen filisofiyali'q pikirdi kelip shi'g'adi'.

M.Tawmuratovti'n' "Turmi'sti'n' yekinshi ni'zami'"[35] shi'g'armasi' novellani'n' janrli'q qa'siyetlerine juwap beredi. Wonda waqi'yalar tosattan baslani'p, syujettin' rawajlani'wi'nda shiyelenisiw ha'm waqi'yani'n' sheshiliwinde ku'tilmegenlik qa'siyetleri u'shi'rasadi'. Sonday-aq, waqi'yalar haqi'yqi'y turmi'stan ali'ni'p, dosli'q, isenim, sadi'qli'q siyaqli' adamgershilik pa'ziyletlerdi so'z yetiledi.

Tiykarg'i' waqi'ya Qa'dirbaydi'n' kvartirasi'na Sa'diwdin' keliwi menen baslanadi'. Wol Qa'dirbaydan bir adamdi' izlep tabi'w ushi'n ja'rdem beriwin soraydi'. Wol razi' boli'p ku'n boyi' sol biytani's qi'zdi' izlep tabadi'. Son' barli'gi' Qa'dirbaydi'n' u'yine keledi. Usi' payi'tta waqi'ya ku'tilmegen sheshim menen juwmaqlanadi'. Ma'selen:

*"- Jan'ag'i' joran' ba?-dedi qiz.*

*- Awa, usi' kvaltirani'n' iyesi. Joram dep joram yemes-aw! Wol kim, men kim?! Ati' klasslas bolmasa, ju'rgen bir yesawan g'o! Ha'y... wondaylardi' u'siytip paydalani'w kerek!...-dep wol meni jerden ali'p jerge taslar yedi..."*

Haqi'yqati'nda da, ha'zi'rgi ku'ni turmi'sta tek g'ana wo'zinin' jekke ma'pin joqari' qoyatug'i'n insanlar buni' turmi'sti'n' yekinshi ni'zami' dep woylaydi.

Uluwmalasti'ri'p aytqanda, M.Tawmuratov novellalari'nda turmi's waqi'yalari' gu'rrin'ge qarag'anda ju'da' qi'sqa lakonizmge tiykarlang'an boli'p, wonda adam qa'lbindegi ishki tolg'ani's, debdiw, woy-sezimlerdi ko'birek teren' lirizm arqali' berip, birden keskin buri'li'sli' waqi'yalardi' bayanlap, woy ha'm pikir juwmag'i'n ani'q

[34] Bul novella «Қарақалпақстан жаслары» gazetasi'ni'n' 1996-ji'l 18-yanvar № 3 sani'nda basi'lg'an.

[35] Таўмуратов М. Турмыстың екинши нызамы // Ақ түнниң көлеңкеси. Нөкис. «Қарақалпақстан»,1994, -Б.51

ko’rsetip beriwi menen di’qqatqa i’layi’qli’. Sonday-aq, qaharmanlardi’n’ ishki ruwhi’y halati’n ta’biyat ko’rinisleri, suli’w peyzaj arqali’ beri’p, ishki sezimlerdi qozg’aydi’. Jan sezimlerin la’rzege saladi’. Jazi’wshi’ni’n’ wo’zine ta’n stili, so’zlerdi paydalani’wda, waqi’yalardi’ teren’ lirizm menen beriwde, dramatizmlik qubi’li’slardi’ sheber su’wretlewde, portret jasawda ayri’qsha ko’zge taslanadi’. Sonday-aq, mazmun ha’m forma bir-birine say tan’lani’p ali’ng’anli’g’i’n ko’riwimizge boladi’.

## 2-BAP. M.TAWMURATOV POVESTLERINDE JANRLI’Q HA’M STILLIK IZLENISLER

### 2.1. Ga’rezsizlik da’wirindegi povest janri’nda ko’rkemlik izlenisler

G’arezsizlik da’wirinde qaraqalpaq prozasi’, soni’n’ ishinde povest janri’ aytarli’qtay jetiskenliklerge yeristi. Bul da’wirde povest janri’nda qa’lem terbetken avtorlar turmi’s haqi’yqatli’g’i’n jan’a bag’darda sa’wlelendiriwge ha’m sol tiykarda a’debiyatta janrdi’ ha’r ta’repleme rawajlandi’ri’wg’a umtildi’.

“Povest - arabsha so’z boli’p, ma’nisi **“gu’rrin’, qi’zi’qli’ waqi’ya”** degendi an’lati’p, wol yamasa bul adamni’n’ wo’mirinin’ belgili da’wirin bayanlawg’a qarati’ladi’. Povest janri’ basqa janrlarg’a qarag’anda quramali’”[36].

Qaraqalpaq prozasi’nda bul janrli’q tu’r XX a’sirdin’ 30-ji’llari’ qa’li’plesti ha’m wo’zinin’ rawajlani’w jollari’na tu’sti[37].

Povest janri’ da’slep qaraqalpaq a’debiyati’nda ilimpazlar M.Nurmuhammedov, S.Bahadi’rova, Q.Sultanov, Q.Kamalov, J.Yesenov ha’m tag’i’ basqalardi’n’ proza tuwrali’ miynetlerinde so’z boladi’. Akademik M.Nurmuhammedovti’n’ “Современная каракалпакская проза” (1968) miynetinde, shi’g’armalari’ni’n’ yeki tomli’g’i’nda (2-tom, No’kis, 1985) 1930-1960 ji’llardi’n’ wortalari’na shekemgi qaraqalpaq povestleri prozani’n’ basqa da tu’rleri menen birge u’yrenildi.

Sonday-aq, J.Nari’mbetovti’n’ “Каракалпакский роман” (Tashkent,1974), Q.Sultanovti’n’ “Prozani’n’ rawajlani’w jollari’” (No’kis,1977), S.Bahadi’rovani’n’ “Roman ha’m da’wir” (No’kis,1978), Z.Nasrullaevani’n’ “Проблема типа и характера в современной каракалпакской прозе” (Нөкис,1984), Q.Sultanovti’n’ “Ha’zirgi qaraqalpaq prozasi’ni’n’ tiykarg’i’ rawajlani’w tendenciyalari’ (1960-1980-ji’llar)” (Ташкент,1991) degen temadag’i’ doktorli’q dissertaciyalari’nda qaraqalpaq prozasi’ni’n’ jan’a basqi’shlarg’a ko’teriliwin belgilewde povestlerdin’ tutatug’i’n worni’ atap wo’tildi.

Qaraqalpaq prozasi’nda povest janri’n Q.Kamalov ha’m J.Yesenovlar arnawli’ izertledi. Q.Kamalov qaraqalpaq povestlerinin’ janr evolyuciyasi’, al J.Yesenov povestlerde ko’rkemlik izlenislerdin’ bir tu’ri bolg’an ko’rkem psixologizm problemasi’

---

36 Эшниязова А. Ҳәзирги өзбек повестьлери ҳәм Ҳуршид Досмуҳаммедтиң идеялық – көркемлик изленислери. «Әмиўдәрья», 2011, № 5.

37 Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, – Б.164.

boyi'nsha ilimiy-izertlew jumi'slari'n ali'p bardi'. Son'i'nan bul izertlewlerdin' mazmuni' monografiya formasi'nda ja'riyalandi'[38].

Qaraqalpaq a'debiyati'nda bunnan son'gi' da'wirde qaraqalpaq povestin izertlew ma'selesi toqtap qaldi'. Son'g'i' da'wirde qaraqalpaq povestin bu'gingi ku'n ko'zqarasi'nan ha'r qiyli' bag'darda teren' izertlew problemasi' boyi'nsha pikirler baspaso'zde jariyalang'an maqalalarda wo'z sa'wleleniwin tapti'[39].

Son'g'i' da'wirde qaraqalpaq povesti tuwrali' pikirler ilimpaz P.Nurjanovti'n' "G'a'rezsizlik da'wirinde qaraqalpaq prozasi' " (N, 2003) degen sholi'w formasi'nda jazi'lg'an miynetinde berilgen.

Sonday-aq, g'a'rezsizlik da'wirinde qaraqalpaq povesti ma'seleleri J.Sag'i'ydullaevani'n' "Qaraqalpaq povestlerinde stillik izlenisler (1980-ji'llar povestleri mi'sali'nda)" (No'kis,2010) atli' kandidatli'q dissertaciyasi'nda izertlendi.

G'a'rezsizlik ji'llari'nda qaraqalpaq a'debiyati'nda proza janri'nda T.Qayi'pbergenov, J.Aymurzaev, Sh.Seytov, A'.Paxratdinov, A.Xalmuratov, G.Yesemuratova, H.Wo'temuratova, K.Ma'mbetov, Q.Ma'tmuratov, K.Allambergenov, J.Muratbaev, A.Sultanov, S.Ismaylov, A.A'bdiev, M.Ni'zanov, W.Wo'tewliev, M.Tawmuratov h.t.b. do'retiwshilik penen shug'i'llandi'.

A'sirese, bul ji'llari' povest janri' ideyali'q-tematikali'q jaqtan ayri'qsha ko'rkemlikke iye boldi'. Wonda uluwmainsaniyli'q problemalardi' ko'teriwde mifologiyali'q su'wretlewler ha'm jan'asha usi'llardan paydalang'an jazi'wshi'lar buri'nnan si'yqag'i' shi'qqan da'stu'rden qashi'wg'a umti'ldi'. Bul jag'day a'debiyattani'w iliminde povest janri'ni'n' ko'rkemlik ha'm ideyali'q-tematikali'q jaqtan bayi'wi'na tiykar boldi'. Povest janri'ndag'i' bunday ko'rkemlik izlenisler na'tiyjesi'nde jazi'wshi'lar ta'repinen quni' joqari' shi'g'armalar payda boldi'.

Solardi'n' qatari'nda S.Ismaylovti'n' "Payg'ambar ha'm shaytanlar" fantastikali'q povesti uluwmainsani'yli'q problemalardi' ko'teriwi ha'm woni' tarti'mli' ko'rkem til menen su'wretlep beriwi di'qqatqa i'layi'qli'. Bul povesttin' ko'rkem quri'li'si'nda milliy-epikali'q ha'm realistlik woylaw da'stu'rlerinin', mifologiyali'q ha'm realistlik si'patlardi'n' birligi, bir-birine qari'sqan halda wo'tlesip ketiwi avtor ideyasi'n beriwge xizmet yetedi. Povesttin' tiykarg'i' ideyasi' – ha'zirgi alg'aw-dalg'aw wo'mirimizde insan balasi'n insapqa, woylani'p is ko'riwge, qorshag'an wortali'qqa

[38] Камалов Қ. Қарақалпақ повести (жанрдың эволюциясы). –Нөкис: Қарақалпақстан, 1978; Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары (Ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде көркем психологизм проблемасы). –Нөкис; Қарақалпақстан, 1986.
[39] Өтемуратова Ҳ. Повесть туўралы пикирлер пайда болсын… //Устаз газетасы. –Нөкис,2002, №9, 28-февраль; Нуржанов П., Турдымуратова М. Ҳәзирги қарақалпақ повестин изертлеўдиң айырым мәселелери // Устаз газетасы.- Нөкис,2003, № 47-48, 4-декабрь.

abaylap qatnas jasawg’a shaqi’ri’w boli’p yesaplanadi’. Avtor bunday ideyani’ wo’zi jaratqan obrazlarg’a sin’dirip sa’wlelendiriwde tabi’sqa yerisken.

G’a’rezsizlik da’wiri prozasi’ni’n’ ha’r ta’repleme rawajlani’wi’nda jazi’wshi’ ha’m jurnalist W.Wo’tewlievtin’ worni’ u’lken. Wol bul ji’llari’ “Hayaldi’n’ quri’si’”, “Hu’jdan ha’m hu’kim” ha’m “Ten’izdin’ jini” shi’g’armalari’n woqi’wshi’lardi’n’ na’zerine usi’ndi’. Wonda wo’tkir sociyalli’q problemalarg’a, ulamalardi’n’ ati’n qayta tiklewge, huquq ha’m a’dep-ikramli’li’q ma’selelerin wortag’a taslawg’a di’qqat awdari’wi’ menen ken’ ja’miyetshilikte u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatti’. Woni’n’ “Ten’izdin’ jini” povestin Aral tragediyasi’ni’n’ aqi’betine arnali’p jazi’lg’an avtordi’n’ tabi’sli’ shi’g’armasi’ dewge boladi’. Povestte jas wo’spirim Da’rmenbay, woni’n’ atasi’ Woljabay g’arri’, kempir apasi’ ha’m qorlang’an ta’biyat, Aral ten’izinin’ simvoli’ si’pati’nda ju’zege shi’qqan mifologiyali’q obraz - g’arri’ obrazlari’ sheberlik penen su’wretlengen. Shi’g’armadag’i’ jas bala Da’rmenbaydi’n’ basi’na qayg’i’li’ is tu’sken waqi’tta wog’an ja’rdem beretug’i’n rawi’yatlardag’i’ Qi’di’r ata siyaqli’ ha’reket yetetug’i’n g’arri’ obrazi’ povesttin’ ko’rkem quri’li’si’na romantikali’q ha’m mifologiyali’q si’patlardi’ sin’dirip jiberiwi ha’r qanday woqi’wshi’da qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatadi’. “Do’retpedegi bas obraz Da’rmenbaydi’n’ tragediyali’q wo’limi-ta’biyat apatshi’li’g’i’ni’n’, woni’ ko’z ko’reki ayaq asti’ yetken insani’yatqa ta’g’dirdin’ bergen qatal jazasi’ dep tu’siniw kerek”[40]. Bu’gingi ku’n turmi’s haqi’yqatli’g’i’n romantikali’q ha’m mofologiyali’q bag’darlarda bul shi’g’armada sa’wleleniwi W.Wo’tewlievtin’ povest janri’ndag’i’ ko’rkemlik izlenislerinin’ na’tiyjesi yesaplanadi’.

Soni’n’ menen g’a’rezsizlik da’wirinde wo’zinin’ da’slep satirali’q gu’rrin’leri menen a’debiyat maydani’nda ken’ wori’n alg’an nishteri wo’tkir jazi’wshi’ M.Ni’zanov povest janri’nda da belgili da’rejede qa’lem terbetti.

Woni’n’ turmi’s shi’nli’g’i’n ayqi’n su’wretlep beretug’i’n “Aqshagu’l” povesti da’slepki ku’nlerden-aq ken’ ja’miyetshiliktin’ di’qqati’n wo’zine qaratti’. Bunda, tiykari’nan, bu’gingi ku’n turmi’si’ni’n’ wo’zine ta’n qi’yi’nshi’li’g’i’, awi’ldi’n’ sada, pa’k hayali’ni’n’ qala turmi’si’na ko’nligip, wo’z shan’arag’i’n bag’i’w joli’nda mashaqatli’ turmi’si’ su’wretlengen.

Belgili jazi’wshi’ ha’m jurnalist Sh.Usnatdinov wo’zinin’ “M.Ni’zanovti’n’ “Aqshagu’l” povesti haqqi’nda” atli’ maqalasi’nda shi’g’armani’n’ bu’gingi ku’n ushi’n a’hmiyetli ta’repin ko’rsetip bergen[41].

[40] Өтеўлиев Ө. Теңиздиң жини . «Еркин қарақалпақстан», 2000, 3-октябрь №116 // Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ прозасы. Нөкис, «Билим», 2003, –Б.36-37.
[41] Уснатдинов Ш. М.Нызановтың «Ақшагүл» повести ҳаққында. «Еркин қарақалпақстан», 2006, 30-сентябрь № 118.

Soni’n’ menen birge M.Ni’zanovti’n’ nag’i’z psixologizmge quri’lg’an “Aqi’ret uyqi’si’” povestin bu’gingi qaraqalpaq a’debiyati’nda ideyali’q-tematikali’q ko’rkemligi joqari’ shi’g’armalardi’n’ qatari’na kiritiwge boladi’.

Akademik J.Bazarbaev “Bul shi’g’arma real turmi’stag’i’ baqlawlardan haqi’yqiy wo du’nyag’a atlang’an insanlardi’n’ ha’reketinen ha’z yetiwinen, qayi’l boli’wi’nan, awi’rsi’ni’w, pushaymanli’g’i’nan ko’rinetug’i’n qubi’li’s retinde adamlarg’a filosofiyali’q woy sali’p, insani’yli’q pa’ziyletlerdin’ abzalli’g’i’n, jaramasli’qti’n’ pa’sligin ko’rsetetug’i’n a’dep-ikramli’li’q qi’lwalari’na ha’r bir insandi’ wo’z bahasi’n beriwge iytermeleytug’i’n a’debiy filisofiyali’q ko’rkem shi’g’arma”[42],- dep joqari’ baha bergen.

Bunnan basqa da, povesttin’ ko’rkemlik wo’zgesheligi Q.Worazi’mbetov ha’m J.Sag’i’ydullaevalardi’n’ maqalalari’nda[43] ken’ talqi’lani’p, ga’rezsizlik da’wirindegi do’retilgen sa’tli shi’g’armalardi’n’ biri si’pati’nda ta’n ali’ndi’.

Francuz filosofi’ Dekartti’n’ ayti’p wo’tkenindey: “Jaqsi’ kitapti’ woqi’w wo’tken a’sirdegi adamlar menen ju’zbe-ju’z so’ylesken menen ten’. Ja’ne wolar wo’zlerinin’ yen’ jaqsi’ aqi’l-woylari’n aldi’mi’zg’a taslaydi’ ”.

Haqi’yqati’nda da, g’a’rezsizlik da’wirinde do’retilgen povestler wo’zinin’ ko’rkemlik wo’zgesheligi menen ha’r bir woqi’wshi’ni’n’ di’qqati’n yerksiz wo’zine tartadi’. Wolarda aktual problemani’ ko’teri’p shi’g’i’p, wo’zgeshe bayanlawi’, kompoziciya quri’w ha’m qaharman obrazi’n jarati’wdag’i’ sheberligi menen bu’gingi ku’n avtorlari’ni’n’ ko’rkemlik izlenislerinin’ na’tiyjesi si’pati’nda ko’rinedi.

Bu’gingi ku’ni a’debiy processte M.Tawmuratov wo’zinin’ “Men yele shi’g’i’p ko’rmegen shi’n’lar”, “Yerten’ shi’g’armiz tawg’a”, “Muhabbat minberi” ha’m “Tog’ay qosi’g’i’” povestleri menen belgili. Avtordi’n’ “Men yele shi’g’i’p ko’rmegen shi’n’lar”, “Yerten’ shi’g’armiz tawg’a” povestleri ideyali’q-tematikali’q bag’dari’ bir-birine sa’ykes keledi. Bularda jaslar arasi’ndag’i’ muhabbat ma’selesi so’z yetilgen. Waqi’yalar birinshi betten bas qaharman tilinen bayanlang’an’. Kompoziciyali’q quri’li’si’ da da’stu’riy usi’lda boli’p, waqi’yalar xronikali’ syujette berilgen. Bul yeki povest waqi’yalari’ tikkeley qaharmanlardi’n’ studentlik da’wirin bayanlaw menen baslanadi’. Avtor bul shi’g’armalari’nda muhabbat ma’selesin so’z yetip, adamlardi’ woni’n’ ushi’n gu’resiwge shaqi’rmaqshi’day boladi’. Shi’g’arma qaharmanlari’ da wo’z muhabbati’n saqlap

[42] Базарбаев Ж. Ақырет уйқысы- ҳүждан есабаты. «Еркин қарақалпақстан», 2009, 15-сентябрь №111.

[43] Оразымбетов Қ. Тынышсыз руўх толғаныслары // Ақырет уйқысы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2009, 3-бет; Инсанның руўхый кеширмелери ямаса жазыўшы дөретиўшилигине штрихлар. «Еркин қарақалпақстан», 2011, 14-май №58; Сағыйдуллаева Ж. «Ақырет уйқысы»ндағы кеўил толғаныслары. «Еркин қарақалпақстан», 2009, 21-май. № 61.

qali'wg'a ha'reket yetedi. Biraq, wolardi'n' tag'diri basqasha bag'darda tu's aladi'. Uluwma alg'anda, M.Tawmuratovti'n' bul yeki povestinde ku'ndelikli awi'l turmi'si'n so'z yetedi. Solardi'n' ishinde jazi'wshi'ni'n' ko'rkemligi jag'i'nan "Tog'ay qosi'g'i'" povesti di'qqatqa i'layi'qli'. Yag'ni'y, bunda avtordi'n' kompoziciya quri'wda, obraz jarati'wda ha'm waqi'yalardi' bayanlaw sheberliginde stillik wo'zgesheliklerdi ko'riwimizge boladi'. Sonli'qtan, biz bu'gingi pitkeriw-qa'nigelik jumi'si'mi'zda M.Tawmuratovti'n' "Tog'ay qosi'g'i'" povestinin' janrli'q-stillik wo'zgesheligin ashi'p beriwdi maqset yeti'p qoydi'q.

## 2.2. M.Tawmuratovti'n' "Tog'ay qosi'g'i'" povestinin' janrli'q-stillik wo'zgeshelikleri (Ko'rkem obraz jarati'w, syujet quri'w ha'm bayanlaw wo'zgeshelikleri )

Ha'zirgi a'debiy processte Marat Tawmuratovti'n' "Tog'ay qosi'g'i'" povesti[44] adamgershilik pa'ziyletlerdi ha'm ta'biyat ma'selelerin wo'zgeshe su'wretlewi menen basqa shi'g'armalardan ayri'li'p turadi'. Qaraqalpaq prozasi'nda insan ha'm ta'biyat ma'selelerin usi' ku'nge shekem T.Qayi'pbergenovti'n' "Ko'zdin' qarashi'g'i'", A'.Atajanovti'n' "Sho'lde", K.Allambergenovti'n' "Quslar qaytqan ku'n", "Da'rya tarti'lgan ji'llar", A.Sadi'qovti'n' "Tasta da gu'lleydi", A'.Qarli'baevtin' "Aral tolg'ani'slari'", W.A'bdirahmanovti'n' "Arali'm-da'rtim menin'", W.Wo'tewlievtin' "Ten'izdin' jini" h.t.b do'retpelerde wo'z sa'wleleniwin tapti'. Al, bul a'hmiyetli ma'sele qaraqalpaq a'debiyattani'wi'nda P.Nurjanov, A.A'bdiev, N.Wori'nbetova, J.Sag'i'ydullaeva ha'm tag'i' basqalardi'n' ilimiy-izertlew jumi'slari'nda sa'wlelengen[45].

"Tog'ay qosi'g'i'". Povesttin' atamasi'ni'n' wo'zi de woqi'wshi'da qi'zi'g'i'wshi'li'q woyatadi'. Woqi'wshi' woni'n' qanday qosi'q yekenligine qi'zi'g'a baslaydi'. Demek, avtor povest atamasi'n duri's tan'lag'an.

Tog'ay qosi'g'i' – bunda ta'biyatti'n' quwani'shli', shadli' qosi'g'i' yemes, woni'n' adamlar ta'repinen azap shegip, qorlani'p solardan shi'qqan nali'sh qosi'qlari' boli'p tabi'ladi'.

*"Basi'-ayag'i' na'ma'lim ken'isliktin' bir ushi'nda itibarsi'z jatqan tog'ay gu'wleydi... Wol tiri jan maqluqlarg'a pana bergen, na'tinde wo'mir bag'i'shlag'an... Usi' tuslarda kishkene tuslarda kishkene turmi's keship atqan an'lar shuwlaydi'... Solay da du'nyani'n' ten'sizliginen nali'p ta'biyat jilaydi... Tog'ayda hu'kimlik yetken ni'zamlar saza beredi... Bul jerlerdin' de wo'zleri boysi'natu'g'i'n kodeksleri menen ha'mmege jalpi'lamay ten' bolg'an ni'zamlari' ha'm ayti'latu'g'i'n qosi'qlari' bar... "*

Haqi'yqi'y ko'rkem shi'g'arma a'sirden a'sirge haqi'yqatli'qti', adamgershilikti, hu'jdandi' ji'rlap keledi. Ha'zirgi da'wirde ta'biyatti' qorg'aw ma'selesin hu'jdan ma'selesinen bo'lip ali'p qarawg'a bolmaydi'. Sebebi, ha'zir adamlar hu'jdang'a ju'ginip

---

[44] Таўмуратов М. Тоғай қосығы // «Әмиўдәрья»журналы, 2005, № 5-6, 2006, № 1

[45] Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. - Нөкис, «Билим», 1993; Әбдиев А. Қарақалпақ әдебиятында фантастика жанрының пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўи. Канд. дисс. - Нөкис, 1995; Орынбетова Н. Қарақалпақ романында характер жаратыў мәселеси (80-жыллар). Канд. дисс. - Нөкис, 2001; Сағыйдуллаева Ж. Қарақалпақ повестьлеринде стиллик изленислер (1980-жыллар повестьлери мысалында). Канд. дисс. Нөкис, 2010.

ha’reket yetkende g’ana yen’ da’slep wo’zlerin ha’m jasaw wortali’g’i’mi’z bolg’an ana ta’biyatti’ saqlap qali’wi’ mu’mkin. Qaraqalpaq prozasi’nda ta’biyatti’ qorg’aw ma’selesin birinshilerden boli’p ko’teri’p shi’qqan shi’g’arma T.Qayi’pbergenovti’n’ “Ko’zdin’ qarashi’g’i’” romani’ boli’p yesaplanadi’[46].

Mine, usi’ ma’seleler ha’zirgi a’debiy proceste Marat Tawmuratovti’n’ “Tog’ay qosi’g’i’” povestinde ayri’qsha ko’rkemlik penen su’wretlengen.

Bul povestte epikali’q qaharman ja’miyetshilik aldi’nda ha’zir yen’ a’hmiyetli ma’sele bolg’an ta’biyatti’ qorg’aw ushi’n jan ku’ydiredi, basqalardi’ da usi’g’an shaqi’radi’.

Insan ta’biyatti’n’ qushag’i’nda go’zzal turmi’s keshiriwi ushi’n belgili da’rejede qolayli’li’qlar za’ru’r. Ta’biyatqa sanali’ qatnas bolg’an jag’dayda, ta’biyat bayli’qlari’nan aqi’lg’a muwapi’q paydalani’lg’anda g’ana bunday unamli’ jag’day saqlani’p turi’wi’ mu’mkin. Demek, jazi’wshi’ usi’ povest arqali’ insanlardi’ ta’biyatti’n’ bayli’qlari’n asi’rap-abaylawg’a, wog’an sanali’ tu’rde qatnas jasawg’a shaqi’rg’anday boladi’.

Shi’g’arma povest janri’nda jazi’lg’an. Sebebi, bul shi’g’armada waqi’ya bir qaharmanni’n’ a’tirapi’nda boli’p wo’tedi ha’m sol qaharmanni’n’ xarakterin ashi’p beredi’. Shi’g’armani’n’ worayi’nda Muratbaydi’n’ obrazi’ turadi’. Wol – jurnalist. Muratbay obrazi’ ja’rdeminde ta’biyatti’ qorg’aw komitetinin’ inspektori’ Jiyenbay Yerjanovti’n’ ha’m ishki-isler tarawi’nda isleytug’i’n xizmetkerlerdin’ obrazi’ ashi’p beriledi. Bul tarawda islewshi miliciya xizmetkerlerinin’ ishinde wo’z isine, ka’sibine sadi’qlari’ da, sonday-aq, ka’sibine biypa’rwali’q penen qaraytug’i’n, juwapkershiliksiz, hu’jdansiz, tek wo’zinin’ qara basi’ni’n’ g’ami’n woylaytug’i’nlari’ da bar. Jazi’wshi’, mine, usi’nday ja’miyette ushi’rasatu’g’i’n adamlardi’n’ obrazi’n sa’wlelendiriwge ha’reket yetken.

Shi’g’armada Muratbay ha’m Jiyenbay obrazlari’ unamli’. Sebebi, wolar ta’biyatti saqlap qali’wg’a, asi’rap-abaylawg’a jan ku’ydiriwshi si’pati’nda ko’zge tu’sedi.

Shi’g’armada jazi’wshi’ ta’biyatti’ qorg’aw komitetinin’ inspektori’ Jiyenbay Yerjanov obrazi’ arqali’ ta’biyatti’ asi’raw, qorg’aw ideyasi’n isenimli su’wretlep bergen. Wol, tiykari’nan, ta’biyatti’ su’yetu’g’in, hadal ju’rekli ha’m ta’biyatti’ qorg’awdi’ birinshi wori’ng’a qoyatug’i’n insan. Bular shi’g’armada woni’n’ is-ha’reketlerinde, so’ylegen so’zinde ani’q ko’rinedi.

*“- Sen ne kelisimge barmadin’ ba wolar menen?-dedi Muratbay Jiyenbayg’a si’n ko’z benen qarap.*

---

[46] Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, «Билим», 1993, -Б.31.

- *A'y,-dep selk yete qaldi' Jiyenbay bul bir awi'z so'zge, biraq tur-tusine woni'n' bul ma'selede heshkim menen kelispeytug'i'nli'g'i' ko'rinip turar yedi,- kelisimge barg'anda u'seytip ju'remen be? Qalay wolar menen kelisemen, aqi'ri' wolar ko'z aldi'n'da tiri maqluqlardi' qi'ri'p-joyi'p ati'rsa? Bular ushi'n bir adam yen' bolmasa jan awi'rti'w kerek shi'g'ar?! Men a'ytewir solay woylayman".*

Sonday-aq, shi'g'armada bul maqsetke qarama-qarsi' turi'wshi' Yegorovti'n' Jiyenbayg'a aytqanlari' da woni'n' xarakterin jarati'wg'a ja'rdem beri'p tur. Mi'sali':

*"... hesh kim bul du'nyag'a tirek bola almaydi' yamasa sonsha bayli'qti' sen qusap qorg'ap qala almaydi'! Sennen buri'nda talay Jiyenbaylar bolg'an, bu'gin mine wo'zin' boli'p ati'rsan., sennen keyin muri'nboq Jiyenbaylar payda boladi', biraq hesh qaysi'si'ni'n' qoli'nan heshten'e kelmeydi? Heshten'e! ".*

Bunnan ko'rinip turg'ani'nday, tek bir adamni'n' jan ku'ydiriwi menen hesh na'rseni wo'zgerti'p bolmaydi'. Buni'n' ushi'n ha'mme awi'zbirshilikte, bir jag'adan bas shi'g'ari'p ha'reket yetiwi kerek. Xalqi'mi'zda "Jalg'i'z atti'n' shan'i' shi'qpas" dep biykarg'a ayti'lmag'an.

Bul jumi'slarda Jiyenbayg'a gazeta redaktori' Muratbay ha'r ta'repleme ja'rdem beredi. Yekewi birlesken halda insan ha'm ta'biyat arasi'ndag'i' kelispewshiliklerdi sheshiwge ha'reket yetedi. Ekologiyali'q apatshi'li'qti' keltiri'p shi'g'ari'wshi'larg'a qarsi' gu'resi'p, wolardi'n' unamsi'z ha'reketlerin ashkaralaydi'. Wolar ta'biyatti' wo'z ma'pi joli'nda paydalani'p ati'rg'an adamlar menen konfliktke tu'sedi. Shi'g'armada miliciya xizmetkerleri, basshi' lawazi'mlarda islewshi Maxmud Rajapov, Jaqsi'bay Tilepov, Maqset Xojametov, Yegorov, Niyetbay Saparbaevich siyaqli' adamlar wo'z lawazi'mlari'nan paydalani'p ta'biyat bayli'qlari'n ayawsi'z qurtadi'. Bul ta'biyatqa keri ta'sirin tiydirip, u'lken jo'g'alti'wlarg'a ali'p keledi.

Avtor Jaqsi'bay Tilepov obrazi'n woni'n' is-ha'rekerleri, so'ylew tili arqali' sheber su'wretlep bergen. Ma'selen, an' payi'ti'nda qus ati'p turg'an qaharman mi'lti'qti'n' sestinen ra'ha'tlense, quslar jan halatta tu'rli ses shi'g'aradi'…

*"... Qayi'qtag'i'lar an' awlawdi'n' bul qi'zi'g'i'nan tusi'ndag'i'lardi' da umi'ti'p ketti. U'lken basli'g'i' go'zlegen qusti' tu'sire almay qalg'an waqi'tlari' Tilepov sonday shaqqanli'q penen quslardi' ati'p tu'sire berdi!... Usi' tuslarda shuwi'ldi', qi'yg'i'ri'qlar, gu'rpildiler pu'tkil ja'ha'ndi qaplap alg'an yedi. Quslardi'n' joqlawlari' menen a'jel qi'yg'i'ri'qlari' tirishiliktin' mazasi'n qashi'rdi'. Biraq, bul jag'day ko'ldegi qayi'qtag'i'larg'a wo'lim ha'm ju'rimdi yemes, al ha'zlik tu'sinigi ushi'n xizmet yeter yedi!...".*

Bunda jan halati'nda wo'lim menen gu'resi'p ati'rg'an quslardi'n' ayani'shli' jag'dayi'n su'wretlewde avtordi'n' lirizmdi beriw mu'mkinshiliklerinen bari'nsha sheber qollang'anli'g'i'n ko'riwimizge boladi'.

Bunday bayanlaw XX a'sirdegi talantli' wo'zbek jazi'wshi'si' Sh.Qalmurzaevti'n' "Aman awshi'ni'n' wo'limi" gu'rrin'inde su'wretlengen qaharmanni'n' is-ha'reketlerin yeske tu'siredi. Mi'sali:

"*«Yapaloq tosh. U yonboshlab yotgan kuyi kakliklarni bitta-bitta terib oldi. Nihoyat, ularga jilmayib qarab, patlarini titdi: o'q tekkan joylarini ko'rdi.*

*So'ng 'o'zidan qanoatlanib, hali ... tuzalib, ayoqqa turib ketsa, yana ovlarga chiqishi, mayli, hozir какliklar kamayib, kiyiklar yuksak cho'qqilarga chiqib ketgan bo'lsa ham, o'zining o'sha yerlarga ham chiqib borishini xayol qilib, bir muddat rohatlanib o'tirdi »*[47].

Mine, bul do'retpelerde insani'yli'q, adamgershilik pa'ziyletleri usi'lay ashi'ladi'. Bul bayanlawlar arqali' avtordi'n' shi'g'armada obraz jarati'wdag'i' wo'zine ta'n wo'zgesheligin ko'riwimizge boladi'.

Soni'n' menen birge shi'g'armani'n' ko'rkemlik da'rejesinin' joqari' yekenligi woni'n' syujet quri'wdag'i' sheberliginde ko'rinedi.

Syujet ko'rkem shi'g'armada qaharmanlardi'n' xarakterinin' rawajlani'w tariyxi'n ko'rsetetug'i'n waqi'yalar sistemasi'. Syujetsiz hesh qanday shi'g'arma boli'wi' mu'mkin yemes, wo'ytkeni a'debiyat turmi'sti' obrazlar arqali' ashi'p beretug'i'n bolsa, al syujet M.Gorkiydin' aytqani'nday: "adamlardi'n' wo'z ara qatnaslari'ni'n' baylani'slari', qarama-qarsi'li'qlari', simpatiyalari', antipatiyalari'-anaw yamasa mi'naw xarakterdi'n' sa'wleleniwinin' ha'm rawajlani'wi'ni'n' tariyxi'"[48].

Syujetti ilimpazlar, tiykari'nan, to'mendegishe tu'rlerge bo'li'p qaraydi': xronikali' syujet, retrospektiv syujet, koncentrik syujet, associativ syujet[49].

Ko'rkem shi'g'armada syujet izbe-iz ta'rtipte bayanlansa bul xronikali' syujet yesaplanadi'. "Biraq, waqi'yalardi' kompoziciyali'q jaqtan tek g'ana obyektiv xronologiyali'q , yag'niy tradiciyali'q formada izbe-iz bayanlaw qaharman xarakterin psixologiyali'q planda ashi'p su'wretlewge unamsi'z ta'sir jasaydi', bazda wol turmi's shi'nli'g'i'n su'wretlewde sxematizmge shekem ali'p baradi'"[50].

---

[47] Холмирзаев Ш. Сайланма. II жилд. Ҳикоялар. Тошкент, «Шарқ» нашриёт-матбаа акциядорлик компанияси бош таҳририяти. 2005, 33-бет.

[48] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, –Б 204-205.

[49] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002, - Б.122.

[50] Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары (ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде көркем проблемасы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986, - Б. 49.

Shi’ni’nda da, ha’r qanday shi’g’armani’n’ kompoziciyasi’ni’n’ sheberlik penen quri’li’wi’ woni’n’ syujetinin’ beriliwine baylani’sli’. Avtor shi’g’armadag’i’ waqi’yalardi’ izbe-iz xronologiyali’q tu’rde bayanlamaydi’. Wol bunday da’stu’riy, zerigerli usi’ldan qashi’wg’a, wo’zine ta’n stil ha’m wo’zinshelikke iye boli’wg’a umti’lg’an. Sebebi, shi’g’armadag’i’ waqi’yalardi’n’ izbe-izligi saqlanbag’an. Jazi’wshi’ bir waqi’yani’ ayti’p woti’ri’p, wol tamamlanbay turi’p-aq, wog’an baylani’si’ joq yekinshi waqi’yani’ bayanlawg’a wo’ti’p ketedi. Biraq, wolardi’ uluwma baylani’ssi’z dep te bolmaydi’. Sebebi, wolardi’n’ arasi’nda syujetti rawajlandi’ri’wshi’ logikali’q baylani’s bar. Mi’sali’, avtor shi’g’armada Muratbay menen Jiyenbaydi’n’ wo’z ara sa’wbetin bayanlay wo’ti’ri’p, keyingi bo’liminde shi’g’armadag’i’ basqa qaharmanlarg’a baylani’sli’ waqi’yalardi’ beri’p, syujetti rawajlandi’ri’p baradi’. A’debiyattani’w iliminde waqi’yalardi’n’ bunday bag’darda quri’li’wi’ **associativ syujet** dep ataladi’.

A’debiyatshi’ ali’m V.Kojinovti’n’ aytqani’nday: syujet – “adamlar ha’m personajlardi’n’ ishki ha’m si’rtqi’ dawamli’li’g’i’ ”, “ishki ha’reket dawamli’li’g’i’” associativ syujetti keltirip shi’g’aradi’[51], yag’niy bunda personajlardi’n’ si’rtqi’ ha’reketlerinen ko’re, ishki ruwhi’y du’nyasi’ndag’i’ keshirmeler syujettin’ kelip shi’g’i’wi’na sebep boladi’. Syujetti bunday usi’lda beriw arqali’ jazi’wshi’ woqi’wshi’ni’ qi’zi’qti’ri’wg’a, zeriktirmewge ha’reket yetedi. Sonday-aq, woqi’wshi’ni’ woy ju’ritiwge, pikirlewge bag’darlaydi’.

Shi’g’armada avtorli’q bayanlawlar basi’m boli’p, wol arqali’ ha’r bir qaharmanni’n’ obrazi’ sheber ashi’p berilgen. Belgili wo’zbek a’debiyatshi’si’ I.A.Sultanov shi’g’arma kompoziciyasi’na jazi’wshi’ni’n’ bayanlaw usi’li’ da kiretug’i’nli’g’i’n ko’rsete woti’ri’p: “Jazi’wshi’ su’wretlewdi pu’tkilley wo’z ati’na yamasa qaharmanlardi’n’ birinin’ ati’nan ali’p bari’wi’ mu’mkin”[52],- dep jazadi’.

“Tog’ay qosi’g’i’” epikali’q su’wretlewlerge bay. Sonday-aq, wonda lirizm de ku’shli berilgen. Sebebi, povesttin’ ayi’ri’m bo’limlerinde jazi’wshi’, yag’niy avtor tilinen bayanlang’an ishki monologlar da wori’n alg’an. Mi’sali’:

*“Sirtqi’ qubi’li’slardan ja’bir tarti’p qi’ynali’p ati’rg’an tog’ay bunnan basqa da qanday da bir ku’shtin’ azabi’n tartar yedi! Usi’ da’rtler menen tog’ay shuwlap ati’r. Sol a’tirapta tuwi’lg’an tiri maqluqlar da usi’ bir ku’shtin’ ta’sirinen qi’ri’li’p-joq boli’wg’a jaqi’nladi’!... ”.*

Mine, bul jekke avtorg’a ta’n qi’ynali’w, ku’yinish sezimleri. Wol ta’biyatqa, wondag’i’ tiri janzatlarg’a ayani’sh sezimi menen qaraydi’. Bul da’rt jazi’wshi’ni’

---

51 Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002, - Б.124.
52 Султанов И. Адабиёт назарияси. Тошкент, «Ўқитувчи», 1980, -Б. 189.

tolg’andi’ri’p, qi’ynaldi’radi’. Sonday-aq, shi’g’arma usi’nday avtor so’zi menen baslanadi’. Shi’g’armada jazi’wshi’ni’n’ ishki monologlari’ni’n’ beriliwi dramatizmdi ku’sheytedi, shi’g’armada woy-pikirdin’ tasirli boli’wi’na ja’rdem beredi. Bul haqqi’nda povest janri’ni’n’ payda boli’w ha’m rawajlani’w basqi’shi’n arnawli’ izertlegen Q.Kamalov to’mendegishe pikir bildiredi: “Geyde lirikali’q qaharmannin’ monologlari’nda ishki dramatizmnin’ ku’sheyiwi arqali’ shi’g’arma tilinde lirizm ku’sheytiledi”[53].

Bul keltirilgen pikirler shi’g’armani’n’ bayanlani’wi’na toli’q sa’ykes keledi. Sonli’qtan shi’g’armani’ liriko-psixologiyali’q povest dep atawi’mi’z mu’mkin.“….Bunda epikali’q ha’m lirikali’q shi’g’armalardi’n’ mu’mkinshilikleri toli’q qollani’ladi’. Epikali’q syujet lirikali’q qaharmanni’n’ jan sezimleri arqali’ bayanlani’p, woqi’wshi’ ju’regine ji’lli’ tiyedi. Epikali’q syujettegi waqi’yani’n’ “qarapayi’mli’g’i’” lirikani’n’ “sezimtalli’g’i’na” bo’linedi”[54].

Sonday-aq, shi’g’armada ko’rkem psixologiyali’q su’wretlew usi’llari’ni’n’ bir tu’ri-tu’s ko’ri’w motivi bar. Mi’sali;

*“Usi’ni’n’ sebebinen wo’zine belgisiz jan’a dushpanlari’ menen tu’sinde ushi’rasti’. Negedur bul adam Muratbayg’a teris qarap so’ylep tur. Bet-ju’zlerin ko’re almadi’, kimligin bilmedi, biraq dawi’si’ birewdin’ dawi’si’na uqsatti’. Yag’niy jaqi’n ku’nleri bulardi’n’ jumi’s jayi’na keli’p ketken adamni’n’ dawi’si’ yedi. “shaqi’rtqani’mi’zg’a nege kelmedin’ sen?!-dep jekirinip so’yledi. Muratbay wog’an juwap bermekshi boladi’, biraq tili aylanbaydi’. Tag’i’ so’yleyjaq boladi’, tag’i’ sonday jag’day. Wo’zi menen wo’zi ali’si’p ati’rg’anda wol ko’zden g’ayi’p boldi’. Muratbay qara suw boli’p ati’r yeken”.* Mine, bunday bayanlaw qaharman psixologiyasi’n ashi’p beriwde u’lken a’hmiyetke iye.

Shi’g’armani woqi’w bari’si’nda wol ko’birek publicistikag’a jaqi’nday ko’rinedi. Sebebi, jazi’wshi’ wonda ani’q cifrlar ha’m faktlerdi keltirip su’wretleydi. Mi’sali’;

*“Muratbay bul qag’azlardi’ u’ken qi’zi’g’i’wshi’li’q penen ko’zden wo’tkere basladi’, hu’jetler bir-birlerinen mazmunli’, bir-birlerinen di’qqatti’ wo’zine tartatug’i’n yedi. Qag’azlardi’n’ biri ju’da’ ayri’qsha ko’rinedi. Wonda Buxaradag’i’ an’shi’lar ja’miyetinin’ inspektori’ Jiyenbay Aljanovqa uslandi’m. Won alti’ dana qundi’z, jigirma jeti g’az ati’p ali’p yedim. Mi’na №... li pistolette wo’zimdiki…-dep qol qoyi’lg’an”.* Avtor bunday ani’q faktli’ mag’li’wmatlardi’ beri’w arqali’ ko’rkem

---

[53] Камалов Қ. Қарақалпақ повести (жанрдың эволюциясы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1978,-Б. 77.
[54] Сонда. - Б.82.

turmi's penen baylani'si'n yele de ku'sheytken. Na'tiyjede avtor turmi's haqi'yqatli'g'i'n ko'rkem haqi'yqatli'qqa aylandi'ri'wg'a yerisken.

Shi'g'arma ideyali'q-tematikali'q jaqtan wo'zine ta'n wo'zgeshelikke iye. Ideyasi'- ta'biyatti' qorg'aw, asi'rap-abaylawg'a qarati'lg'an. Soni'n' menen birge, wonda basshi' adamlardi'n' jen'il turmi'si', ekologiyali'q hu'jdan problemasi', adamgershilik paziyletlerinin' joq boli'w ma'selesi, ishiwshiliktin' aqi'betleri de ken' so'z yetilgen.

Ha'r qanday ko'rkem shi'g'arma turmi'sti'n' talabi'nan do'reydi, belgili da'wirdegi haqi'yqatli'qti' sa'wlelendiredi. Ko'rkem shi'g'armani'n' problematikasi' ja'miyetlik turmi'sti'n' talap yetken a'hmiyetli ma'seleni wortag'a qoyi'wi' menen ahmiyetli. Shi'g'armani'n' problemasi' bu'gingi ku'nnin' yen' global mashqalasi'na aylani'p u'lgergen ta'biyat apatshi'li'gi', al, ideyasi' ta'biyatti' ko'z qarashi'g'i'nday asi'raw yesaplanadi'. Bu'gingi ku'nnin' a'hmiyetli ma'selesi – Aral mashqalasi'. Avtor, tiykari'nan, bul shi'g'armada usi' haqqi'nda da so'z yetedi. Muratbay ha'm Jiyenbay yekewi Moynaqqa baradi'. Sebebi wol jerde ta'biyat ma'selesi ni'zamli' tu'rde qaralatu'g'i'n yedi. Moynaqta Jiyenbaydi'n' yeski tani'si' boli'p, wonin' ati Ten'izbay boladi'. Bul atti'n' qoyi'li'w sebebin wol bilay aytadi':

*"- Ati'm Ten'izbay, usi' do'gerekte tuwi'li'p-wo'skenligimizden son' ati'mi'zdi' da ten'izge baylani'sti'ri'p qoyg'an, kempir-g'arri'mi'z".*

Bul jerde jasawshi' xali'q bali'qshi'li'q penen ku'n keshiretug'i'n bolg'an. Wol jerde suwdi'n' quri'p qalg'anli'g'i' ushi'n xali'q jag'dayi' to'menleydi. Biraq, sonda da wolar wo'z tuwi'lg'an jerlerinen keshi'p, taslap kete almaydi'. Wolar qanday da bir u'mit penen jasaydi'. Buni' shi'g'armada berilgen dialoglar arqali' ko'riwimizge boladi'.

*"... wol jerdin' de ha'zir jag'dayi' jaqsi' yemes, jumi's joq. Arasi'nda ko'lge shi'g'ami'z.*

*- Ten'izimiz bir waqi't qayti'p keler, solay yemes pe aqsaqal?*

*- A'wa da'! Sog'an iseni'p jasap ati'rmi'z g'oy inim, bolmasa ne qaldi' deysen' bul jerde? Awlardi' tarap, yerten' suw kelse sol waqi'tta irkilmey bayag'i'day ten'izge shi'g'i'p kete beriwge tayar woti'rami'z.*

*- Wol wo'zin qi'ynap ayani'shli' keyipte ku'limsiredi, biraq negedur tu'r-tu'si ji'lamsi'rap ati'rg'an adamg'a uqsap keter yedi'.*

*-Tek usi'nday u'lken u'mitler menen jasap ati'rmi'z!...".*

Mine, bul qatarlar kimdi bolsa da woylandi'ri'wi', qi'ynaldi'ri'wi' so'zsiz. Bul jerde bir qaharman obrazi' arqali' Aral ten'izi boyi'nda jasawshi' xali'qti'n'

jag'dayi', wolardi'n' maqseti, tuwi'lg'an jerine degen su'yispenshilik sezimleri qosa berilgen. Wolar Aral ten'izi, a'lbette, buri'ng'i' hali'na qaytadi',-degen u'lken isenim, ulli' u'mitler menen jasaydi'. Sonday-aq, shi'g'armada Ten'izbaydi'n' tilinen berilgen u'zindini alsaq:

*"- Way boy, aytpay-aq qoy woni'. Sol shet yellikler adamlari'mi'zdi' di'g'i'r yete basladi'. A'welgi ku'nleri wolardi' ko'riwge ha'wes yedik, yendi qayta-qayta kele bergenge me, sharshati'p ta jiberdi. Paydasi' ne? Quri' qayti'p ketken ten'izdi ko're bergenshe woni' qaytari'wdi'n' ilaji'n islesin da'!".*

Bunda da'wirdin' ashshi' haqi'yqatli'g'i' menen qaharmanni'n' wog'an degen ku'yinish sezimleri yumorli'q si'patta berilgen.

Bunnan basqa da, shi'g'armada bu'gingi ku'ndelikli turmi'si'mi'zda ushi'rasatug'i'n ma'selelerge de ayri'qsha itibar berilgen. Ma'selen, jaz aylari'nda adamlardi'n' ta'biyat qoyni'nda dem ali'w ta'biyiy jag'day. Biraq, wolardi'n' ko'pshiligi da'rya, dem ali'w wori'nlari'nda shomi'li'p, sol jerde awqatlani'p, wonin' izin kewilxoshli'qqa aylandi'ri'p, ha'r qi'yli' araq-sharap ishimliklerin iship, ma's boli'p sol jerdin' ta'biyati'na ziyani'n tiygizedi, buni'n' aqi'betinde suw ha'm ta'biyat pataslanadi'. Al, bul jag'dayg'a wolardi'n' basi' hesh aylani'p ati'rg'an joq. Avtor shi'g'armada bunday unamsi'z ha'reketlerdi ani'q ashkaralap bergen. Mi'sali':

*"Ta'biyat qoyni'nda ju'ri'p ishkenge me, sira' ma's bolg'andaymi'z. Biraq, yendigisi ko'p boli'p ketetug'i'n shi'g'ar Jaqsi'bay.*

*-Heshten'e qi'lmas Niyetbay Saparbaevich bir-yeki tilek bildirip ishkeri wo'temiz, i'rasi'nda da ta'biyat qoyni'nda ishkennen keyin suwday boli'p kete beredi yeken".*

Wolar wo'zleri de ta'biyat go'zzalli'g'i'nan la'zzetlenedi, wonnan ku'sh-quwat aladi' ha'm sol ku'sh-quwatti' ta'biyattin' wo'zi inam yetetug'i'nli'g'i'na da wo'zleri toli'q isenedi. Biraq, wondag'i' bayli'qti' wo'zleri joq yetip ati'rg'anli'g'i'n hesh qashan tu'sinip jetpeydi.

Sonday-aq, shi'g'armada bu'gingi ku'nde mashqalag'a aylang'an ekologiyani' qalay wo'zgertemiz, buni'n' ushi'n ne islew kerek degen sorawlar wortag'a qoyi'ladi'. Shi'g'armada ayi'ri'm qaharmanlar bul tuwrali' to'mendegishe juwmaqqa keledi:

*"-Ane, qosshi'm, biraq mi'na tiri du'nya, woni'n' tiri maqluqlari' biz, adamlarg'a tiyisli, bul tirishiliktin' zan'i'! Yadi'n'da tut, woni' hesh waqi't birew boli'p, yekew boli'p saqlap qala almaysan', buni'n' ushi'n ja'mlesken ku'sh boli'w kerek. Soni' wol bilmeydi, ya bilgisi kelmeydi".*

Mine, bul jazi'wshi'ni'n' tiykarg'i' ideyasi. Haqi'yqati'nda da, sonday ulli' is tek bir adamni'n' qoli'nan kelmeydi, buni'n' ushi'n biz ha'mmemiz birge, bir jag'adan bas shi'g'ari'p, awi'zbirshilikte ha'reket yetiwimiz kerek.

Bul jolda Jiyenbay, Muratbay siyaqli' haq niyetli, hu'jdanli' insanlar wo'z maqsetine jetiw ushi'n ha'reket yete beredi, wolar hesh qashan toqtap qalmaydi'. Sebebi, wolarda u'mit bar, keleshekke isenim bar!

Muratbay ha'm Jiyenbaydi'n' ashqan ji'nayati' tek wo'zlerine ja'bir boli'p qala beredi. Sol waqi'tta ko'zabag'a promxozdi'n' direktori'n jumi'stan bosatadi'. Al, Jiyenbaydi' lawazi'mi'nan to'menletedi. Shi'g'arma aqi'ri'nda Muratbay menen sol bosati'lg'an direktor yemlewxanada ushi'rasi'p qaladi'. Bul jerde avtordi'n' kompoziciya quri'wdag'i' sheberligi ko'zge taslanadi'. "Sonda wol Muratbayg'a: "- *meni jumi'stan bosatqani' menen sizler heshten'e utpadi'n'lar. Bul wo'zi sonday woyi'n, bilip qoy, kerek bolsa kimdidur bir jerden ali'p, yekinshi bir jerge apari'p qoyadi'. Al, haqi'yqi'y ayi'pkerlerge heshkimnin' tisi batpaydi...".*

Biraq, Muratbay bulay woylamaydi'. Avtor shi'g'armani'n son'i'nda Muratbaydi'n' monologi' arqali' uluwma sheshim beredi. *"Awa-da', bizin' ku'shimiz ha'mme na'rsege birdey jete bergende qayda. Biraq, wonday qu'diret tekte jaratqang'a berilgen shi'g'ar? dep woyladi' wo'zinshe Muratbay Sapari'mbetovti'n' so'zlerinen ta'sirlenip,- biraq, solay da ha'r bir woyi'ni'n' kishigirim bolsa da wo'zine jarasa jen'isi boli'wi' kerek g'oy. Shahmatta da shatrash taxtada qanday figura boli'wi'na qaramastan jep bari'w tabi'sqa aparatug'i'n birden bir jol yemes pe? U'lken jen'istin' wo'zinde usi'nday kishigirim uti'slardi'n' ji'yi'ndi'si'nan tursa kerek. Ma'yli, bul ret sizdi jumi'stan alg'an yeken, yendigi sapar sizden de ku'shlilew tag'i' birew gu'nasi' ushi'n jazalanar? Usi'lay ha'reket yetip bari'w - tabiyiy qu'bi'li's. Bul shi'nji'rli' baylani's bir waqi't siz aytqan joqari' jerlerge de jeter!... "*-dep yesaplaydi'. Haqi'yqat'inda da, kishigirim uti'slar u'lken, ulli' jen'islerge ali'p bari'wi' mu'mkin. Sonli'qtan da, xalqi'mi'zda "Tama-tama ko'l bolar" dep biykarg'a ayti'lmag'an.

Uluwmalasti'ri'p aytqanda, Marat Tawmuratovti'n' "Tog'ay qosi'g'i'" povesti janrli'q-stillik jaqtan wo'zine ta'n wo'zgesheliklerge iye. Shi'g'armani' janrli'q belgilerine qaray liriko-psixologiyali'q povest qatari'na kiritiwge boladi'. Sebebi, wonda jazi'wshi' ha'r bir qaharmandi' wo'zinin' tilinde so'yletedi, na'tiyjede lirikali'q qaharman turmi's waqi'yalari' menen qaharmanlar ha'reketinin' a'piwayi' baqlawshi'si' g'ana yemes, wolardi'n' aqi'lgo'yi, a'dil si'nshi'si'na aylanadi'. Solay yetip, lirikali'q qaharman povestte shi'g'arma ideyasi'n belgilewde jazi'wshi'ni'n' simpatiyasi'n ali'p ju'riwshi

ku’shke aylanadi’[55]. Buni’ shi’g’armada avtordi’n’ bayanlawlari’ ha’m ishki monologlari’nda ko’riwge boladi’.

Sonday-aq, avtordi’n’ shi’g’armada kompoziciya quri’w sheberliginin’ de wo’zine ta’n wo’zgesheligin ko’riwimizge boladi’. Wol waqi’yalardi’ xronologiyali’q ta’rtipte yemes, shi’g’armani’ bo’limlerge bo’lip bayanlaydi’. Yag’niy, bir qaharmanni’n’ basi’nan wo’tken waqi’yalardi’ bayanlap woti’ri’p, birden yekinshi bir qaharmang’a baylani’sli’ waqi’yalardi’ bayanlawg’a wo’tip ketedi. Solay yetip, avtor kompoziciya quri’wda, waqi’yalardi’ bayanlawda wo’zine ta’n jetiskenlikke yerisken. Bul usi’l arqali’ wol woqi’wshi’ni’n’ di’qqati’n shi’g’armag’a qaratadi’, woni’ zeriktirmeydi, shi’g’armag’a qi’zi’g’iwshi’li’q woyatadi’.

Sonin’ menen birge, bul shi’g’arma wo’zinin’ ko’tergen ma’selesi boyi’nsha da ayri’qsha di’qqatqa i’layi’q. Sebebi, wonda bu’gingi ku’nnin’ aktual ma’seleleri so’z yetilgen. Avtor tek bir ideyali’q bag’dardi’ almaydi’. Jazi’wshi’ni’n’ aytajaq pikiri ha’r tu’rli yamasa bir neshe ideyali’q bag’i’tta rawajlani’p baradi’. Bunda jazi’wshi’ tek g’ana ta’biyatti’ qorg’aw maselesin yemes, soni’n’ a’tirapi’nda insanlar arasi’ndag’i’ mehir-muhabbat, awi’zbirshilik, ar-nami’s, hu’jdan, haqi’yqatli’q ha’m ko’zboyamashi’li’q, jag’i’mpazli’q, Ana Watang’a muhabbat, bir birewge isenim si’yaqli’ jaqsi’ pa’ziyletlerdi, soni’n’ menen birge ma’sku’nemshilik ha’m ishiwshilik siyaqli’ jaman illetlerdi ashkaralaydi’. Bul shi’g’armani’n’ ideyali’q bag’dari’ni’n’ ken’ yekenliginen da’rek beredi.

---

[55] Камалов Қ. Қарақалпақ повести (жанрдың эволюциясы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1978, - Б. 82.

## Juwmaqlaw

Biz bu'gingi pitkeriw-qa'nigelik jumi'si'mi'zda ha'zirgi qaraqalpaq prozasi'nda wo'z worni' bar jazi'wshi' Marat Tawmuratovti'n' prozasi'n janrli'q-stillik ha'm obraz do'retiw wo'zgeshelikleri boyi'nsha ken' tu'rde analizley woti'ri'p, to'mendegishe juwmaqlarg'a keldik:

Ha'zirgi a'debiy processte Marat Tawmuratov belsendilik yetip kiyati'rg'an jazi'wshi'lardi'n' biri. Wol kishi epikali'q janrlarda, soni'n' menen birge wortasha epikali'q janrlarda da tabi'sli' qa'lem terbetip kiyati'r.

Marat Tawmuratov gu'rrin'leri turmi's waqi'yalari'n a'piwayi' til menen tu'sindirip beredi. Wondag'i' turmi'sli'q waqi'yalar belgili bir obrazg'a ja'mlestirilip, insan ruwhiyati'na ta'sir yetedi ha'm qanday da bir sezim woyatadi'. Bi'z ko'rkem analiz islegen "Bizdi keshir, Gu'lnaz!", "Hu'jdan hu'kimi", "Tu'n jarpi'ndag'i' ji'lawji'n'..." si'yaqli' gu'rrin'lerinde avtordi'n' kompoziciya quri'w ha'm qaharman obrazi'n jarati'wdag'i' wo'zine ta'n sheberligin ko'riwimizge boladi'. Bul gu'rrin'lerdin' ideyali'q-tematikali'q bag'dari', tiykari'nan, joqari' adamgershilik, a'dep-ikramli'li'q, shi'n muhabbat, dosli'q, adamlar arasi'ndag'i' qari'm-qatnas, shan'araq ha'm turmi's ma'selelerin so'z yetedi. Waqi'yalar, tiykari'nan, birinshi betten bayanlani'p, qaharmanni'n' ishki gu'yzelislerin, qi'ynali'w sezimlerin ha'm ruwhi'y jag'dayi'n ta'sirli su'wretlewler menen ashi'p beredi.

Qaraqalpaq a'debiyati'nda novella janri' XX a'sirdin' 70-ji'llari'nda payda boli'p, bul janrdi'n' milliy prozami'zda rawajlani'wi' A.Sultanov do'retiwshiliginde ko'rine basladi'. Ha'zirgi a'debiy processte M.Tawmuratov novella janri'nda sa'tli qa'lem terbetip kiyati'rg'an jazi'wshi'lardi'n' biri. Woni'n' novellalari'nda wo'mir shi'nli'g'i', turmi's ha'diyseleri gu'rrin'ge qarag'anda ju'da' qi'sqa waqi'tqa quri'lg'an boli'p, wonda insan qa'lbindegi ishki tolg'ani's, debdiw, gu'yzelisler ko'birek teren' lirizm arqali' beriledi. Wonda syujet birden ku'tilmegen jerden baslani'p, ku'tilmegen jerden tamamlanadi'. Waqi'yalar keskin buri'li'sli' su'wretlenip, woy-pikir juwmag'i' ani'q sheshi'p beriledi. Ju'mi'si'mi'zda talqi'lag'an "Turmi'sti'n' yekinshi ni'zami'", "Jol shetindegi ko'len'ke", "Jolli'", "Tirishiliktin' birinshi formulasi'", "Biz, sizdi qi'di'ri'p tabami'z..." novellalari' janrli'q, ideyali'q-tematikali'q ha'm kompoziciyali'q wo'zgeshelikleri menen wo'qi'wshi'da ku'shli ta'sir qaldi'radi'. Bul novellalar mazmuni' jag'i'nan uluwmainsani'yli'q ma'selelerdi ha'm ja'miyettegi global problemalardi' jan'asha bag'darda ashi'p bere alg'an. Sonday-aq, waqi'yalar birinshi betten bayanlani'p,

qaharman obrazi'ni'n' ruwhi'y-psixologiyali'q jag'daylari'n ta'biyat qubi'li'slari' menen parallel tu'rde su'wretlenedi.

Jazi'wshi'ni'n' do'retiwshilik laboratoriyasi'nda ayi'ri'm shi'g'armalari'n birese gu'rrin', birese novella dep ataw jag'daylari' ushi'rasadi'. Ma'selen, "Jol shetindegi ko'len'ke" shi'g'armasi' gu'rrin' dep jariyalang'an. Biraq bul shi'g'arma novellani'n' janrli'q qa'siyetlerine juwap beredi. Sonday-aq, jazi'wshi'ni'n' novellalari'na atama qoyi'w kompoziciyasi'nda matematikali'q terminler ko'birek ushi'rasadi'. Bul jazi'wshi'ni'n' novellalari'nda si'rtqi' forma si'pati'nda ali'ng'ani' menen, wol ishki mazmunni'n' teren' ashi'li'wi'na ha'm woni'n' ta'sirshen'ligine xizmet yetedi. Turmi's wo'zi ani'qli'qti' talap yetedi. Bizin'she, avtor turmi'sqa, sonday-aq, ko'rkem a'debiyatqa matematikali'q ani'qli'qti' kirgizip atirg'anday seziledi.

Marat Tawmuratov povest janri'nda da do'retiwshilik yetip, woni'n' "Men yele shi'g'i'p ko'rmegen shi'n'lar", "Yerten' shi'g'armiz tawg'a", "Muhabbat minberi" povestleri bar. Bul povestler ideyali'q-tematikali'q bag'dari' jag'i'nan bir-birine jaqi'n keledi. Bularda, tiykari'nan, jaslar wortasi'ndag'i' muhabbat ma'selesi so'z yetilgen. Waqi'yalar birinshi betten, yag'niy, bas qaharmanni'n' tilinen bayanlanadi'. Kompoziciyasi' da da'stu'riy usi'lda berilip, waqi'yalar xronikali' syujette bayanlanadi'.

A'sirese, avtordi'n' ga'rezsizlik da'wirinde do'retilgen "Tog'ay qosi'g'i'" povesti kitap woqi'wshi'lari' ta'repinen tabi'sli' shi'qqan do'retpelerdin' biri si'pati'nda ji'lli' qabi'llandi'. Bul povest jazi'wshi'ni'n' usi' janrdagi' basqa do'retpelerine qarag'anda ideyali'q-tematikali'q, janrli'q-stillik wo'zgeshelikleri boyi'nsha bir qansha jetiskenliklerge iye.

Povestte bu'gingi turmi's haqi'yqatli'g'i', ekologiya problemasi' tarti'mli' syujet, lirikali'q ha'm publicistikali'q si'patlardi'n' sintezleniwi (biriktiriliwi) arqali' sheber ashi'p berilgen. Povestte Jiyenbay, Muratbay obrazlari' sheberlik penen jarati'li'p, xarakter da'rejesine jetken. Wolar ta'biyatti' qorg'aw ushi'n jan-ta'ni menen gu'resedi. Bul jag'daydan barqulla wo'zleri ja'bir ko'redi. Ha'tteki, lawazi'mi'nan da to'menleydi. Bul, a'lbette, wolardag'i' ta'biyatqa, Ana Watani'na bolg'an sadi'qli'g'i'ni'n' bir belgisi yedi.

Sonday-aq, avtor ayi'ri'm si'rt yelli adamlardi'n' bizin' ta'biyat bayli'qlari'nan ayawsi'z paydalani'p ati'rg'anli'g'i'n Egorov obrazi' arqali' sheber su'wretlep bergen. Povesttegi Jaqsi'bay Tilepov obrazi' wo'zinin' su'wretleniw wo'zgeshelikleri menen ulli' klassikler A.P.Chexov, Sh.Qalmurzaevlar prozasi'ndag'i' qaharmanlarg'a uqsap ketedi. Ma'selen, avtor shi'g'armada qaharmanlardi'n' is-ha'reketleri arqali' wolardi'n' obrazi'n sheber jaratadi'. Povestte J.Tilepovqa ta'biyattag'i' qayg'i'li' jag'daylar ha'zlik tu'sinigi ushi'n xizmet yeter yedi. Ja'ne de, avtordi'n' shi'g'armada kompoziciya quri'w

sheberligin ko'riwimiz mu'mkin. Wol syujetti xronologiyali'q ta'rtipte yemes, al, associativ syujet tu'rinde berip, bunda personajlardi'n' si'rtqi' ha'reketlerinen ko're ishki ruwhi'y du'nyasi'ndag'i' keshirmeler waqi'yalardi'n' rawajlani'wi'na sebep boladi'. Yag'niy, avtor povestte bir qaharmanni'n' basi'nan wo'tken waqi'yalardi' bayanlap woti'ri'p, birden yekinshi bir qaharmang'a baylani'sli' waqi'yalardi' bayanlawg'a wo'tip ketedi. Bunda avtor tek bir ideyali'q bag'dardi' almaydi'. Jazi'wshi'ni'n' aytajaq woy-pikiri ha'r tu'rli yamasa bir neshe ideyali'q bag'i'tta rawajlani'p baradi'. Bunda jazi'wshi' tek g'ana ta'biyatti' qorg'aw maselesin yemes, soni'n' a'tirapi'nda insanlar arasi'ndag'i' mehir-muhabbat, awi'zbirshilik, ar-nami's, hu'jdan, haqi'yqatli'q, isenim si'yaqli' jaqsi' pa'ziyletlerdi, soni'n' menen birge ko'zboyamashi'li'q, jag'i'mpazli'q, jawi'zli'q, biyparwali'q, ma'sku'nemshilik siyaqli' jaman illetlerdi a'shkaralaydi'. Bul shi'g'armani'n' ideyali'q bag'dari'ni'n' ken' yekenliginen da'rek beredi. Avtor bulardi' qaharmanlardi'n' jekke so'ylew tili, woylaw psixologiyasi', a'sirese, is-ha'reketleri arqali' sheber su'wretlep bergen.

M.Tawmuratov do'retiwshiliginde janrlardi'n' wo'z ara rawajlani'w evolyuciyasi' bar, yag'niy gu'rrin'degi ishki psixologizm novellalari'nda, al novellalari'na ta'n qi'sqali'q ha'm tujirimli'li'q woni'n' povest janri'na wo'tkenligi ko'rinedi.

Uluwmalasti'ri'p aytqanda, Marat Tawmuratov ha'zirgi a'debiy processte wo'zine ta'n a'debiy joli'na iye jazi'wshi'lardi'n' biri. Wol kishi epikali'q janrlar, yag'niy gu'rrin' ha'm novella janri'nda ko'rkemligi joqari' shi'g'armalar do'retip ati'r. Sonday-aq, woni'n' g'a'rezsizlik da'wirinde povest janri'nda ali'p bari'p ati'rg'an janrli'q-stillik izlenisleri de wo'z aldi'na.

## Bibliografiyali’q ko’rsetkish

(M.Tawmuratovti’n’ gazeta-jurnallarda ha’m toplamlarda ja’ri’yalang’an prozali’q shi’g’armalari’)

### I. Gu’rrin’

1. Ҳуқықы жоқ еди // “Жас ленинши” , 1989, 3-май.

2. Однажды ночью // «Нукусская правда» , 1990, 19-июля.

3. Terezeni kim si’ndi’rdi’? // “Jetkinshek”, 1996, 24-setyabr

4. Сәўирдиң ақ жамғыры // “Әмиўдәрья” журналы, 1996 , (№ 11-12).

5. Табытты бир адам көтермейди // “Әмиўдәрья” журналы,1996, (№11-12)

6. Men seni tani’yman. “Jetkinshek”, 1998, 31-dekabr

7. Қысқа роман // “Әмиўдәрья” журналы , 2000, (№4)

8.Гилберт кеңлигиндеги үш күн ҳәм сексен шақырым // “Әмиўдәрья” журналы, 2000, (№4)

9. Ақ нурдың сыныўы // “Еркин қарақалпақстан ”, 2000, 30-ноябрь.

10. 2. Жүрип өтиўге аўыр ҳәм узақ жол // “Еркин қарақалпақстан”, 2001, 27-январь.

11.Urra, yerten’ kanikul. “Jetkinshek”, 2002, 8-avgust

12. Qorqi’ti’w degen usi’ ma? “Jetkinshek”, 2003, 14-avgust

13. Sarsi’li’w. “Jetkinshek”, 2003, 25-sentyabr.

14. Пүтин бир өмир ҳәм үш күн // “Әмиўдәрья” журналы, 2005, (№2)

15. Ночное шоссе // «Вести каракакалпакстана», 2010, 10-август № 64.

16. Дилмаш // «Устоз йўли» , 2012, 1-март.

17. Қәдир түн // «Еркин қарақарпақстан», 2012, 3-март № 27.

### II. Novella

1. Жол шетиндеги көлеңке // “Қарақалпақстан жаслары” 1999, 4-март.

2. Қиянетлик нызамы // “Еркин қарақалпақстан”,2001,11-октябрь (№119)

3. Жоллы // “Еркин қарақалпақстан ”, 2002, 12-октябрь (№124).

4. Жоллы // «Вести каракалпакстана», 2005, 15- март № 21.

5. Биз, сизди қыдырып табамыз …. // “Әмиўдәрья” журналы , 2010, (№6)

6. Бир тәғдирдиң иси бул … // “Әмиўдәрья” журналы, 2010, (№6)

7. Жалғызлық салмағы // “Әмиўдәрья” журналы, 2010, (№6)

8. Бул жер майхана емес!... // “Әмиўдәрья” журналы, 2012, (№2)

9. Қиянетлик нызамы // “Әмиўдәрья” журналы, 2012, (№2)

### III. Povest

1. Мен еле шығып көрмеген шыңлар // “Әмиўдәрья” журналы,1985, (№7)

2. Тоғай қосығы // “Әмиўдәрья” журналы, 2005, (№5-6), 2006, (№1)

## IV. Kitaplari’

1. Муҳаббат дәптерин бетлегенде (Қосықлар). Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1985.

2. Ертең шығармыз таўға. Повест ҳәм гүрриңлер. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1991.

3. Та… Аралға шекем. Публицистика ҳәм гүрриңлер. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1992.

4. Ақ түнниң көлеңкеси. Гүрриңлер. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1994.

5. Сәуирдиң ақ жамғыры. Гүрриңлер. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1998.

6. Қысқа роман. Новелла ҳәм гүрриңлер. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 2004.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar

### Si’yasiy a’debiyatlar

1. Каримов И. Адабиётга эътибор-маънавиятга, келажакка эътибор. Тошкент, «Ўзбекстон», 2009.

2. Каримов И. Данышпан халқымыздың беккем ерк-ықрарына исенемен // «Еркин қарақалпақстан», 2000, 15-июнь.

### Ilimiy a’debiyatlar

1. Аристотел. Поэтика. Тошкент. Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти. 1980.

2. Ахметов С, Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1987.

3. Аманова А. Жанрдың мүмкиншиликлери // Әмиўдәрья. 1987, №9.

4. Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994.

5. Алламбергенов К. Новелланың жетик шебери (А.Султанов ҳаққында) // «Әмиўдәрья», 1997, №3-4.

6. Баҳадырова С. Гүрриң жанрының гейпара өзгешеликлери //ӨЗССР ИА ҚҚФ. хабаршысы. 1970, № 3.

7. Баҳадырова С. Дәслепки қарақалпақ гүрриңлери ҳаққында // ӨЗССР ИА ҚҚБ хабаршысы, 1970, № 4.

8. Баҳадырова С. Гүрриңлердеги шеберлик // Әмиўдәрья, 1970, № 10.

9. Баҳадырова С. Гүрриң ҳәм новелла ҳаққында // «Жас ленинши», 1970, № 10.

10.Базарбаев Ж. Ақырет уйқысы-ҳүждан есабаты // «Еркин қарақалпақстан», 2009, 15-сентябрь № 111.

11. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002.

12. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары (ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде көркем психологизм проблемасы). Нөкис. «Қарақалпақстан», 1986.
13. Жәримбетов Қ. Әдебият теориясы пәнинен лекция текстлери. Нөкис-2007.
14. Камалов Қ. Қарақалпақ повести (жанрдың эволюциясы). –Нөкис: Қарақалпақстан, 1978.
15. Қытайбекова З. Гүрриң жанрының изертлениў бағдарлары // ӨзР. ИАБ хабаршысы. 2002, № 3 .
16. Қытайбекова З. Ғәрезсизлик дәўири гүрриңлеринде шеберлик мәселеси // Әмиўдәрья. 2002, № 5.
17. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис. «Билим», 1995.
18. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, «Билим», 1993.
19. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ прозасы. Нөкис, «Билим», 2003.
20. Нуржанов П., Турдымуратова М. Ҳәзирги қарақалпақ повестин изертлеўдиң айырым мәселелери // “Устаз” газетасы. Нөкис, 2003. №47-48, 4-декабрь.
21.Оразымбетов Қ. Инсанның руўхый кеширмелери ямаса жазыўшы дөретиўшилигине штрихлар // «Еркин қарақалпақстан», 2011, 14-май № 58.
22.Өтеўлиев И. Гүрриң жанрының мүмкиншиликлери // Арал.,1993, №2-3.
23. Өтемуратова Ҳ. Повесть туўралы пикирлер пайда болсын… // “Устаз газетасы”. –Нөкис,2002. №9, 28-февраль.
24.Өтеўлиев Ө. Теңиздиң жыны // «Еркин қарақалпақстан», 2000, 3-октябрь №116.
25. Сағыйдуллаева Ж. «Ақырет уйқысы»ндағы кеўил толғанyслары // «Еркин қарақалпақстан», 2009, 21-май. № 61.

26. Султанов И. Адабиёт назарияси. Тошкент, «Ўқитувчи», 1980.
27. Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. М., Просвещение, 1971.
28. Уснатдинов Ш. М.Нызановтың «Ақшагүл» повести ҳаққында // «Еркин қарақалпақстан», 2006, 30-сентябрь № 118.
29.Эшниязова А. Ҳәзирги өзбек повестьлери ҳәм Хуршид Досмуҳаммедтиң идеялық–көркемлик изленислери // «Әмиўдәрья», 2011, № 5.
30. Internet materiyali’. www.http//ru.wikipedia.org/wiki/.

## Ko’rkem a’debiyatlar

1. Таўмуратов М. Бизди кешир, Гүлназ…. // Ертең шығармыз таўға…. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1991.
2. Таўмуратов М. Ҳүждан ҳүкими // Ертең шығармыз таўға…. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1991.
3. Таўмуратов М. Ҳуқықы жоқ еди // «Жас ленинши» , 1989, 3-май.
4. Таўмуратов М. Түн жарпындағы жылаўжың…. // Ертең шығармыз таўға…. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1991.
5. Таўмуратов М. Жол шетиндеги көлеңке // «Қарақалпақстан жаслары», 1999, 4-март.
6. Таўмуратов М. Тиришиликтиң биринши формуласы // Қысқа роман. Нөкис. «Қарақалпақстан».
7. Таўмуратов М. Жоллы //«Еркин қарақалпақстан», 2002, 12-октябрь, №124.
8. Таўмуратов М. Тоғай қосығы // «Әмиўдәрья»журналы, 2005, № 5-6, 2006, № 1
9. Таўмуратов М. Биз, сизди қыдырып табамыз… // «Әмиўдәрья» журналы, 2010, №6.
10. Холмирзаев Ш. Сайланма. II жилд. Ҳикоялар. Тошкент, «Шарқ» нашриёт-матбаа акциядорлик компанияси бош таҳририяти. 2005.